ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫНЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№181 (21.339) ● 2008 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 16, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Шуудейхэр гъуэгу тохьэ

● Зекіуэ

ФокІадэм и 14-м Налшык къалэ Абхъазым и утым щызэхэташ Іуэхугъуэ дахэ - Къэжкал зауэм кьэбэрдейхэм текІуэныгъэр кьыдэрыщыхьрэ илъэс 300 зэрырикъум. Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ хамэ унафэм щІэмыт республикІэхэу кьыззралыытам яхуэгъэпса дауэдапщэхэм ящыщ эы ирахъэжащ. Щуудей 30 Къэбэрдей-Балъкъэрыр кьыззэхалъхьыну ежьащ. Аэр ирагъэжьэну утым кьекІуэлІат налшыкдэсхэрэ республикэм и кьалащхьэм и хьэщІэхэрэ.

ДАХЭУ гъэщІэрэщІа утым и тепльэмрэ адыгэ макъамэмрэ блэкІэрэ кьриншэлІат. Адыгэ фащэкІэ ззэщыхуэпыкІарэ бэракъхэр яІэщІэльу Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрамымкІэ кьеха шуудей 30-р Абхъазым и утым ихьэри, хьурейуэ кьеувэкІащ. Абхъазым щызэуАхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Бекъшокъуэ Алексей жиІащ:

- Илъэс 300 и пэкІэ кьэбэрдей лъэпкъым зэрихьа лІыгъэмрэ ди кьуэш республикэхэр хамэ унафэм кьызэрыщІэкІамрэ хуэгъэпса Іуэхугъуэ дахэр - шуудей 30 зекіуэр - нобэ идохьэжьэ. 1707 гъэм къэбэрдей лъэпкъыр Щым текІуэдыкІыжынкІэ шынагъуэ щыІащ. Ауэ ди адэжьхэр зэкъуэзэуэвэщ, я акъылыр эым хуауэнэтІри, текІуэныгъэр кьахьауэ щытащ. Хамэм унафэ зэрызыхурамыгъэщІынур, ди щІынальэм кьыхъеплъэкІкІэм ар зэраІэщІэмыхьэнур кьыгурагъэІуащ.

Нобэ едгъажьэ шууей 30-м ирахьэжьа ІуэхумкІэ кьагъэльэгъуэну зыхуейр - мы щІынальэ дахэм дыщыпсэуну дыззэрыхуитыр, зэрытхуэфащэр бийм Іэщэкіэ кьыгурызыгъэІуа ди адэжьхэм пщІэ зэрыхуащІырщ. Мы Іуэхур кьыхэзыльхьар Абхъазым щыззэуахэм я зэгухьэныгъэращ, ауэ дэ ди закъуэкІэ ар зэфІэгъэкІа хъунутэкъым, Афган зауэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэр кьыгъэкъуэмыуваМэ. ФІыщІэ лей хуэсщІыну сыхуеиІащ абыхэм я тхьэмадэ ТхьэгъэлэІдж Тимур.

ФІыщІэ хэха хуэфащэщ ди Президент Кьанокъуэ Арсен. Абы ди Іуэхур кьыдди мыІыгъатэмэ, зы лъэбакъуэкІи ди мурадыр ягъэкІ кІуэтэну кьыщІэкІынтэкъым. Ди тхыдэри хабзэри тщымыгъупщэжьным, хуиту дуиём дытетыным, дыкъащІыхуным и гуащІэ псор хэзыльхьэ ди пашэм

Кьанокъуэ Арсен - фІыщІэ хуІоІащ.

Адэкіэ псалъэ ираташ Кьэнжал зауэр илъэс 300 зэрыриКъуэм хуэгъэпса Іуэхугъуэхэр кьызэгъэпэщыныр зи пщэ дэлъ, КьБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщі **Кьэжэр Альберт.**

- Пэж дыдэу, нобэ махуэ дахэщ. Ар нэхьри егъэдахэ дызыхэт дауэдапщэм. Республикэм и Президентым и цІэкІэ нобэрей махуэмкІэ сынывэхъуэхуну сыхуеиІащ фыкъызтеуэв гъуэгуанэр махуэ фхуэхьуну, узыншэу фыкъэсыжыну сыфхуохьуахьуэ, - жиІащ абы.

(КІэухыр 2-нэ нап. итщ).

Кьэжэр Альберт и псалъэ.



СурэтхэрКЪАРЕЙ Элинэ трихащ.

Гугъэр гъащІэм ипкъщ.

КЪБР-м и Президентыр Трошев Геннадий и Іыхьлыхэм яхуогузавэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен яхуэгузэващ Урысейм и Лыхъужь, фокІадэм и 14-м Пермь къалэм кьыщІэхуэха кхъуэхьлъатэм ису хэкІуэда Трошев Геннадий и Іыхьлыхэм.

ГЕНЕРАЛЫМ Налшык щыпсэу и анэ Трошевэ Надеждэ Михаил и пхъум Президентым хуигъэхьа телеграммэкІэ ятщ: «ИкъуэкІэ гуаУэ сщыхъуащ фІыуэ тлъагъу Геннадий Николай и къуэр зэрызэкІуэдам теухуауэ кьата хьыбар гуэзвэгъуэр. Пэжыгъэрэ гуапагъэрэ зыхэлъ, Хэкум хуэлэжьэным зи гъащІэ псор хуэзыгъэпса цІыху хьэлэмэтым и гъащІэр Іуэху гуэзвэгъуэм кьыззлиудащ. Кьыпхуэмылъытэным хуэдизщ Кавказ Ищхьэрэм жылагъуэ-политикэ зэпІэзэрытыныгъэр гъэбдэным, Урысейм и Ипщэ гъунапкъэхэм шынагъуэншагъэ кьыщІыззгъэпэщыным Геннадий Николай и къуэм ешэн и щхьэкІэ хищІыкъар. Хэхауэ абы Кьэбэрдей-Балъкъэрыр фІыуэ ильагъурт, гуфІэгъуэми гуауэми щІэгъэкъуэн кьытхуэхъуу. Сэ икъуэкІэ сригушхуэрт Геннадий Николай и къуэр сызэриныбжьэгъуэм икІи а ныбжьэгъугъэм сэ игъащІэкІэ сыхуэпэжьыщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм я щІэкІэ, си щхьэкІэ фэ сызыкъэхэуа гуауэшхуэмкІэ Уэри, пщІэ зыхуэсщІ Надеждэ Михаил ипхъу, фи Іыхьлы псоми сыфхуогузавэ.

ЦІыху гъуэзэджэ, дзэзешэ цІэрыІуэ, Урысейм и къуэ пэж Трошев Геннадий Николай и къуэм и фэеплъ нэхур дэ игъащІэкІи дигу илъынщ».

Трошев Геннадий Налшык къалэм дэт школ №11-р къиухащ, абы теухуа пхъэбгъу а еджапІэм фІэльщ. Дыгъуасэ мы школым щекІуэкІащ Налшык, Прохладнэ къалэхэм щІыхь зиІэ я цІыху Трошев Геннадий зэрыкІуэдам теухуа нэщхъеягъуэ пэкІу. Абы хэтахэр кІуэри Трошевэ Надеждэ Михаил и пхъум хуэгузэващ. ГущІыхьэу дунейм ехыжа генералым и унагъуэм хуэгузэващ Налшык къалэм и администрацэм и лэжьакІуэхэри.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапл Іэ.



ИужькІэ министрыр щыІащ Осетие Ипщэм.

И хэкур нэхъ къещтэ

Дунейм и теннисистку нэхъ къэпцхэм ящыщ Кузнецовэ Светланэ Урысейм къокІуэж.

Иужь илъэсхэм а бзылъхугъэр Испаниемрэ щыпсэуащ, иджы жиІащ езым и хэкум щыпсэужмэ нэхъ къызэрыщІэтэр. Сэ мыбы нэхъ тегущІауэу икІи си кьарум хэхъуауэ зыкъыщыгъэлъэгъуэфынущ, къыхитъэбелджьылыкІащ спортсменкэ щІэрыІуэм.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

◆ФокІадэм и 16 - 22-хэм Европэм и кьалэ куэдым щрагъэкІуэкІынущ «АвтомобилыншІу - тхьэмахуэ зэхуаку» Іуэхур.

◆Илъэс 65-рэ и пэкІэ (1943) совет зауэлІхэм фашист зэрыпхуакІуэхэм кьыдэІащІа гъэкІыжащ Новороссийск кьалэр.

◆**Мексикэ Штат Зэгуэтхэм я льэпкъ гуфІэгъуэщ - кьэралыр щхьэхуэ щыхъуа махуэщ.**

◆Илъэс 90 и пэкІэ (1918) РСФСР-м и ВЦИК-м игъэуващ социалист хэкур щахьуэмэ ЛІыгъэрэ хахуагъэрэ къэзыгъэлъагъуэхэм ират яІэ соВет дамыгъэр - «Бэракъ Плыжь» орденыр. 1924 гъэм щыщхьІэуЫм и 1-м къыщыщІэдзауэ Бэракъ Плыжь союзпсо орденщ.

◆Нью-Йорк къыщыщэзІуахынущ ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и 63-нэ сессиер.

◆ФокІадэм и 16 - 21-хэм Майн Іус Франкфурт кьалэм (Германие) дунейпсо автомобиль выставкэ щекІуэкІынущ.

◆ **Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакъикъ 48-м, къуэхьэжынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъ 16-м.**

◆**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъ 28-рэ.**

ПІалІэгъэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Щыгъуэ махуэ

Дыгъуасэ Пермь крайм щахуэщыгъуащ тхьэмахуэ махуэм и щылдджыжьым щыБ къыщыхьуа насыпышнагъэ иным хэкІуэдащ.

Къэрал Іуэхущ Іапл Іэхэм къэрал ныпхэр кьыщрагъэкІуэтэщ, ялкъэхэм тхьэщепльІущ.

Москва икІыу Пермь кІуэ «Боинг-747»-р аэропортым нэблагъэпауэ къехуэхащ. ЗэкІэ къэхъуар кьызыхэкІар ящІэркъым. Языныкъуэхэм жаІэ ккъухьлъатэм и ижьрабгъу двигателым мафІэ щІэнауэ. Псори белджылы щыхьунур кхъухьлъатэм и «ашык фІыщІэхэм» ярытхэм щыгъуаэз зыхуащІа иужьщ. Аэр Москва нагъэсащ.

Фигу кьэдгъэкІыжьнщи, насыпышнагъэм хэкІуэдащ щыху 88-рэ.

ЗэгурыІуэныгъэ щхьэхуэхэр

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий хьэрычэтыщІэ лэжьакІуэкІ зэІуищІэм кьыщыщынсалъэм жиІащ Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ зэгурыІуэныгъэ щхьэхуэхэр яримурадыр.

Дауи, кьыхигъэщхьэхуэкІащ Президентым, а зэгурыІуэныгъэм кьыщыгъэльэгъуауэ щытынущ дунейм кьытехьэа къэралыщІитІым кьарукІэ ядэІэпыкъунри.

УФ-м щІынальитІри сыт и лъэныкъуэкІи зэрыдиІыгъынум щыхьэт тохьэу УФ-м нэгъуэщІ къэралІуэхухэмкІэ и министр Лавров Сергей иджы дыдэ Сыхьэм зэрыщыІар. Абы жиІащ Урысейм и посольствэм ильэсыщІэм ирихьэлІэу Абхъазым лэжьэн зэрыщыщІидзэнур.

Гугъэр гъащІэм ипкъщ.

● ЗэІущІэхэр

ЗэзыгъэуІу совет къызэрагъэпэщ

Налшык щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ щызытхэм я зэгухьэныгъэхэм я ІыкІыуэхэм я къызэрэпэщыныгъэ конференц.

АБЫ ХЭТАЩ Агропромышленнэ союзым, Ухуакіуэхэм я союзым, машинэ зыщІэхэм, гъущІым, пхъэм елэжь промышленностым, узынщІагъэр хъумэным и Іэнатіэхэм, ЖКХ-м, Транспорт союзым, КЬБР-м и Хьэрычэтыщіэхэм я союзым, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленниКэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я союз» щІыналъэ зэгухьэныгъэм, Налшык къалэм и Хьэрычэтыщіэхэм я ассоциацэм, республикэм и коммерцэ организацэхэм я союзым, КЬБР-м и Мэкъумэщыщ Іэ (фермер) хозяйствэхэм я ассоциацэм, нэгъуэщІхэми я делегатхэр.

Социальнэ-лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэр зэкІэлъызыгъаКІуэ республикэ лъэныкъуэщ комиссэм и Іуэхум Іэнатіэ зытхэр нэхъ жьыдэхэу кьалэнхэм тепсэльыхьащ «КЬБР-м и СПП» РОР-м и унафэщІым и кІуэдзэ Гуэбэщыкі Жантемыр.

Конференцым хэтахэм кьагъэлъэгъуащ і эжьыгъэ зэхущытыкІэхэр нэхъыфІу унэтІа хуэп папщІэ, республикэ лъэныкъуищ комиссэм зэ ряубзыхуам тету, КЬБР-м и Правительствэмрэ профсоюзхэм я Зэгухьэныгъэмрэ хуэІэ пщыгъэнгъэхэр егъэфІэкІуэн зэрыхуейр.

ЗэІущІэм кьыщызэрагъэпэщащ Кьэбэрдей-Балъкъэрым Іэнатіэ щызэтхэм я зэгухьэныгъэхэм я Зэзыгъэуіу совет. Абы и унафэщІу Гуэбэщыкі Жантемыр хахащ.

БЭРБЭЧ Борис.

● Мэкъумэщ

Гибрид нартыхур Іуахыж

Ди республикэм мы зэманым еужьэрэкІыу гибрид нартыхур щыІэхьыж.

АБЫ ЩЫЩУ тонн минИ 2-м нэблагъэ кьищхэну хунэсащ «Къэббалъкъгибрид» акционер обществэ зэхуэщІам. Іуэхущ Іапл Іэм нобэ иІэщ нартыху хъумапІэу 12, дэтхэнэ тонн 550-рэ ихуэу. Мыбы лэжьыгъэр зы махуи щызэпыуркъым: нартыхур мы къэпъэлъэуэ ягъэгъури ягъэтІыльыж.

Иджыпсту «Къэббалъкъгибридыр» иолэжь Бахъсэн, Прохладнэ, Май, Дзэпыкъэ районхэм я мэкъумэщыщІэхэм я щашлІэ нартыхум. Іуэхущ Іапл Іэм и Іэщ Іагъэпл Іхэм кьызэрагъэпэщкІэ, дяпэкІэ жылапхъэ хэпльыхьаКІэ ди республикэм Урысейм и щІынатІэхэм ящыщ куэди кьызэригъэпэщыфынущ. Абы и щыхьэтщ илъэс зыбжанэ хьуауэ Москва, Волгоград областхэм, Урысейм нку, ипщэ щІынатІэхэм, Башкортостаним, Татарстаним я мэкъумэщ предприятэ нэхъыфІхэм зэрадэлажьэр.

«Къэббалъкъгибридым» мы гъэм КЬБР-м и нартыхугъэкІхэм яхуигъэтъэгъуэнущ «Катерина», «Молдавская-115», «Родник-149» нартыху гибрид лІэужьыкІу хэпльыхьаХэр.

● Май куэй

Ерыскъыпхъэхэмкіэ ядоІэпыкъу

Май куэйм щыщсуэхэм къабгъэдэкІ дэІэпыкъуныгъэр зэрыдь автомашинэхэр Осетие Ипщэм кІуэну гъуэгу техьащ.

КЪУЛЕЙСЫЗЫГЪЭ кьызылъысыхэм хурагъаІуэ пхъащхьэмыщхьэ зэмылІэужьыгъуэхэр: Бердюжэ Владимир зи унафэщІ «Ленинцы» мэкъумэщ предприятэм мыІэрысэу тонни 2, «Александровк»» агрофирмэмрэ уней хозяйствэхэмрэ кьабгъэдэкІыжьхэр ныбжьыкІ тонн, къыщІэсу зы тонным щІигъу. Май куэйм щыщу мы псапащІэ Іуэхум зэрыгъэхьэ Іуэхущ Іапл Іэхэм, организацэхэм я бжьыгъэм хэхъуэ эпыщІ.

ШЭРЭЗДЖ Дисэ.

Зэпеуэм пещэ

И кІэм нэблэгъащ махуэ 18 хъуауэ ди республикэм щекІуэкІ Шахматымкіэ бзылъхугъэхэм я дунейпсо чемпионатыр. Абы и кІэух джэгуГъуэхэм щызэпэщакІуэхэр я гъусэу Шэджэм псыкъелъэхэм щыІащ Кавказым хьэщІым щыхуащІ пщІэр, абы кІэлъыплъэрахь хабзэр я нэгу щІэкІащ.

ФОКІАДЭМ и 14-м финализ я яп джэгуГъуэр гугъащ дамыхьу фІыщІэхэмкІэ джэгуа Костенюк кьихьэхуащ. Апхуэдэ Іэмал урысей шахматистКэм кьритащ «спан зыхъуэмэкьынигъэкІэ» зэджэ гъэпсыкІэр псынщІэу зэрыкъуэдиям. Хоу нэхъапэхэмн Іущ Іат апхуэдэ зыхъуэмэкьыкІэм, ауэ Іуэхум и пІалъэ игъэунэхуауэ кьыщыхъужри, бэлэрыгъащ. Джэгугъуэм Костенюк и фейдэ хэпъу зыкъридзэжІащ 17-нэ кІуэгъуэм ирихьэлІэу. Абдеж Ифань тегушхуауэ «кьиЛри» и пешкэр q4-м игъэІэбащ, и «мыгъуагъэри» абы хэпъу кьыщІэкІащ.

- Финалым зэхэублэкІэ гъэщІэгъуэн иІэ хъуащ, - жеІэ чемпионатым и арбитр нэхъыщхьэ Берощи Жуэлинэ. - Зыщыбгъэгъупщэ хъунукьым, Костенюк Сашэ мыбы итэкІи финалым щыджэгуащ зэрыщытар. Ильэсиблкіэ узэІэбэкІыжмэ, Москва щекІуэкІа чемпионатым и кІэух джэгуГъуэмкІи ар зыпэщІэтар Китайм щыщ шахматистКэщ. Абы щыгъуэ финалым и яп джэгуГъуэр фІахьэуауэ щытащ. Иджырейр абы епльытмэ, Костенюк увыпІэ хьарзынэ зыІэригъэхьащ, финалым и яп джэгуГъуэм зэрыстекІуар пльабжьэ хуэхьурн. Финалыр кьихьынри зыхуэІуа щІынальэ, ауэ иджы псори зэтьытар дебютым кьрикІуэнращ. Си гугъэмкІэ, китаянкэр хущІэкъунущ зыри зыпэмыплъа кІуэкІэ джэгуГъэм иритыну, е финалым и яп джэгуГъэр зэрыфІахьэхуам тІэкІу нэхъ зэпІэзэрыт ищІынурэ, аргуэру зытримыгъэкІуэн щхьэкІэ, зэтеубыдауэ, егъэрыкІуэныгъэ хэмыльу джэгуНущ. Мыбдеж нэхъыщхьэр Іуэхум емыпэщІэкъыныр щ. ТекІуэныгъэм зэрыщІэбэнар Сашэ зыщигъэгъупщэу, джэгуГъуэр кьызэрыгуэкІыу ирихьэкІми, зэрытемыгъакІуэу яухкІи, урысей шахматистКэм и дежкІэ шынагъэ хэпльыкьым. Гу зэрыльыстамкІэ, Костенюк игуэр и щхьэрэ зэтельщ, и хьэрэхэрэгъум зы мэскъалкІи щышынэркъым. Пэжщ, абы и рейтингыр нэхъ лъахъшэщ (2510-рэ) Ифань Хоу ейм нэхъ-рэ (2557-рэ), ауэ абы зыкІи елъытакъым чемпионатым и Іэ-гъэпсэ Іуэхугъуэр дахэр - шуудей 30 зекіуэр - нобэ идохьэжьэ. 1707 гъэм къэбэрдей лъэпкъыр Щым текІуэдыкІыжынкІэ шынагъуэ щыІащ. Ауэ ди адэжьхэр зэкъуэзэуэвэщ, я акъылыр эым хуауэнэтІри, текІуэныгъэр кьахьауэ щытащ. Хамэм унафэ зэрызыхурамыгъэщІынур, ди щІынальэм кьыхъеплъэкІкІэм ар зэраІэщІэмыхьэнур кьыгурагъэІуащ.

Нобэ едгъажьэ шууей 30-м ирахьэжьа Іуэхумкіэ кьагъэльэгъуэну зыхуейр - мы щІынальэ дахэм дыщыпсэуну дыззэрыхуитыр, зэрытхуэфащэр бийм Іэщэкіэ кьыгурызыгъэІуа ди адэжьхэм пщІэ зэрыхуащІырщ. Мы Іуэхур кьыхэзыльхьар Абхъазым щыззэуахэм я зэгухьэныгъэращ, ауэ дэ ди закъуэкІэ ар зэфІэгъэкІа хъунутэкъым, Афган зауэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэр кьыгъэкъуэмыуваМэ. ФІыщІэ лей хуэсщІыну сыхуеиІащ абыхэм я тхьэмадэ ТхьэгъэлэІдж Тимур.

ФІыщІэ хэха хуэфащэщ ди Президент Кьанокъуэ Арсен. Абы ди Іуэхур кьыдди мыІыгъатэмэ, зы лъэбакъуэкІи ди мурадыр ягъэкІ кІуэтэну кьыщІэкІынтэкъым. Ди тхыдэри хабзэри тщымыгъупщэжьным, хуиту дуиём дытетыным, дыкъащІыхуным и гуащІэ псор хэзыльхьэ ди пашэм

Кьанокъуэ Арсен - фІыщІэ хуІоІащ.

Адэкіэ псалъэ ираташ Кьэнжал зауэр илъэс 300 зэрыриКъуэм хуэгъэпса Іуэхугъуэхэр кьызэгъэпэщыныр зи пщэ дэлъ, КЬБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщі **Кьэжэр Альберт.**

- Пэж дыдэу, нобэ махуэ дахэщ. Ар нэхьри егъэдахэ дызыхэт дауэдапщэм. Республикэм и Президентым и цІэкІэ нобэрей махуэмкІэ сынывэхъуэхуну сыхуеиІащ фыкъызтеуэв гъуэгуанэр махуэ фхуэхьуну, узыншэу фыкъэсыжыну сыфхуохьуахьуэ, - жиІащ абы.

(КІэухыр 2-нэ нап. итщ).

Кьэжэр Альберт и псалъэ.

СурэтхэрКЪАРЕЙ Элинэ трихащ.

Гугъэр гъащІэм ипкъщ.

Псыкъелъэхэмрэ лъэпкъ хабзэхэмрэ

Шахматымкіэ цІыхубзхэм Налшык щрагъэкІуэкІ дунейпсо чемпионатым и зыгъэпсэхуГъуэ махуэм Ифань Хоурэ Крамлинг Пиарэ зыхэта шахматистКэ гуапыр, зэхьэзэхуэм и кьызэрэпэщакІуэхэр я гъусэу Шэджэм псыкъелъэхэм щыІащ икІи Кавказым хьэщІым щыщащІ пщІэр, абы кІэлъыплъэрахь хабзэр я нэгу щІэкІащ.

ШЭДЖЭМ псыкъелъэхэм фІы дыдэу ди нэгу зыщІужьащ. Зэ мыбы щытлъэгъуащ къыр лъагэхэм я зэхуакум къыдэжь псы пыхухэр, нэгъуэщІ щыІпІэм деж псы кьеухэуар жьым зэрихьэрти, шылэ хъарым хуэдэу уІупльэрт.

Дэ нэмыщІкІэ а махуэм абы щыІащ щыщІэрыІуэ щІыкІ зэрыгъэкьынар. Яэзыныкъуэхэм псыкъелъэхэм я дахагъэр зрагъэльагъуну, щІыуэпсым зыщагъэпсэхуну кьэкІуат, адрейхэм хьэпшыр зэхуэмыддэхэр ящэну кьашат. Крамлинг Пиарэ Ифань Хоурэ зыщІкІэ кьажьыкащ, бгым дэкІуеящ, сурэт зытрагъэжьащ, лъэпкъ фащэхэр зыщатІэгъащ. А фащэхэри я тепльэкІэ зэщхьэщокІ. Апхуэдэу щыІпІэм щыпсэухэм фыщрагъэблагъэрам, къытпежьа къэфакІуэ пащащэхэм я фащэр кьащхьэуэ хужьыфэт, дыжьын ІуданэкІэ хэдыкІауэ, щІалэхэм ейр фІыщІэрэ хужьрэт.

Шэджэм псыкъелъэхэм дыщыкІуэри дэ ди нэгу щІэкІащ нэгъуэщІ зы хабзэ дахи. Шэджэм районым дыщихьэм абы и цІыхухэр щыгъуІаІастКэ я кьытпежьащІ. Кьыхэдгъэщынщи, аэропортым дыкъыщысам, абыи апхуэдэ дыдэу кьыщытпежьат. Абдеж щытраха сурэтхэм феплъыжмэ, а Іуэхугъуэхэр зэрекІуэкІар фи нэгу кьыщІэвгъэхьэфынущ. ГурыІуэгъуэщ мыбыхэм я хабзэхэм я гъащІэм и бзаджэ зэраІэр икІи лІэщІыгъуэ зыбжанэ хъуауэ ахэр лъэпкъым кьаззрыдекІуэкІыр. Шэч хэмылъуи, а хабзэ дахэхэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэр зэрыгъэльагъэмкІэ, дяпэкІэ жылапхъэ хэпльыхьаКІэ ди республикэм Урысейм и щІынатІэхэм ящыщ куэди кьызэригъэпэщыфынущ. Абы и щыхьэтщ илъэс зыбжанэ хьуауэ Москва, Волгоград областхэм, Урысейм нку, ипщэ щІынатІэхэм, Башкортостаним, Татарстаним я мэкъумэщ предприятэ нэхъыфІхэм зэрадэлажьэр.

«Къэббалъкъгибридым» мы гъэм КЬБР-м и нартыхугъэкІхэм яхуигъэтъэгъуэнущ «Катерина», «Молдавская-115», «Родник-149» нартыху гибрид лІэужьыкІу хэпльыхьаХэр.

Шахматистка хэхэр Шэджэм куейм я хьэщІэщ.

Щыгъуэ махуэ

Дыгъуасэ Пермь крайм щахуэщыгъуащ тхьэмахуэ махуэм и щылдджыжьым щыБ къыщыхьуа насыпышнагъэ иным хэкІуэдащ.

Къэрал Іуэхущ Іапл Іэхэм къэрал ныпхэр кьыщрагъэкІуэтэщ, ялкъэхэм тхьэщепльІущ.

Москва икІыу Пермь кІуэ «Боинг-747»-р аэропортым нэблэгъэпауэ къехуэхащ. ЗэкІэ къэхъуар кьызыхэкІар ящІэркъым. Яэзыныкъуэхэм жаІэ ккъухьлъатэм и ижьрабгъу двигателым мафІэ щІэнауэ. Псори белджылы щыхьунур кхъухьлъатэм и «ашык фІыщІэхэм» ярытхэм щыгъуаэз зыхуащІа иужьщ. Аэр Москва нагъэсащ.

Фигу кьэдгъэкІыжьнщи, насыпышнагъэм хэкІуэдащ щыху 88-рэ.

ЗэгурыІуэныгъэ щхьэхуэхэр

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий хьэрычэтыщІэ лэжьакІуэкІ зэІуищІэм кьыщыщынсалъэм жиІащ Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ зэгурыІуэныгъэ щхьэхуэхэр яримурадыр.

Дауи, кьыхигъэщхьэхуэкІащ Президентым, а зэгурыІуэныгъэм кьыщыгъэльэгъуауэ щытынущ дунейм кьытехьэа къэралыщІитІым кьарукІэ ядэІэпыкъунри.

УФ-м щІынальитІри сыт и лъэныкъуэкІи зэрыдиІыгъынум щыхьэт тохьэу УФ-м нэгъуэщІ къэралІуэхухэмкІэ и министр Лавров Сергей иджы дыдэ Сыхьэм зэрыщыІар. Абы жиІащ Урысейм и посольствэм ильэсыщІэм ирихьэлІэу Абхъазым лэжьэн зэрыщыщІидзэнур.

Гугъэр гъащІэм ипкъщ.

● ЗэІущІэхэр

Зэзыгъэуіу совет къызэрагъэпэщ

Налшык щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ щызытхэм я зэгухьэныгъэхэм я ІыкІыуэхэм я къызэрэпэщыныгъэ конференц.

АБЫ ХЭТАЩ Агропромышленнэ союзым, Ухуакіуэхэм я союзым, машинэ зыщІэхэм, гъущІым, пхъэм елэжь промышленностым, узынщІагъэр хъумэным и Іэнатіэхэм, ЖКХ-м, Транспорт союзым, КЬБР-м и Хьэрычэтыщіэхэм я союзым, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленниКэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я союз» щІыналъэ зэгухьэныгъэм, Налшык къалэм и Хьэрычэтыщіэхэм я ассоциацэм, республикэм и коммерцэ организацэхэм я союзым, КЬБР-м и Мэкъумэщыщ Іэ (фермер) хозяйствэхэм я ассоциацэм, нэгъуэщІхэми я делегатхэр.

Социальнэ-лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэр зэкІэлъызыгъаКІуэ республикэ лъэныкъуэщ комиссэм и Іуэхум Іэнатіэ зытхэр нэхъ жьыдэхэу кьалэнхэм тепсэльыхьащ «КЬБР-м и СПП» РОР-м и унафэщІым и кІуэдзэ Гуэбэщыкі Жантемыр.

Конференцым хэтахэм кьагъэлъэгъуащ і эжьыгъэ зэхущытыкІэхэр нэхъыфІу унэтІа хуэп папщІэ, республикэм лъэныкъуищ комиссэм зэ ряубзыхуам тету, КЬБР-м и Правительствэмрэ профсоюзхэм я Зэгухьэныгъэмрэ хуэІэ пщыгъэнгъэхэр егъэфІэкІуэн зэрыхуейр.

ЗэІущІэм кьыщызэрагъэпэщащ Кьэбэрдей-Балъкъэрым Іэнатіэ щызэтхэм я зэгухьэныгъэхэм я Зэзыгъэуіу совет. Абы и унафэщІу Гуэбэщыкі Жантемыр хахащ.

БЭРБЭЧ Борис.

● Мэкъумэщ

Гибрид нартыхур Іуахыж

Ди республикэм мы зэманым еужьэрэкІыу гибрид нартыхур щыІэхьыж.

АБЫ ЩЫЩУ тонн минИ 2-м нэблагъэ кьищхэну хунэсащ «Къэббалъкъгибрид» акционер обществэ зэхуэщІам. Іуэхущ Іапл Іэм нобэ иІэщ нартыху хъумапІэу 12, дэтхэнэ тонн 550-рэ ихуэу. Мыбы лэжьыгъэр зы махуи щызэпыуркъым: нартыхур мы къэпъэлъэуэ ягъэгъури ягъэтІыльыж.

Иджыпсту «Къэббалъкъгибридыр» иолэжь Бахъсэн, Прохладнэ, Май, Дзэпыкъэ районхэм я мэкъумэщыщІэхэм я щашлІэ нартыхум. Іуэхущ Іапл Іэм и Іэщ Іагъэпл Іхэм кьызэрагъэпэщкІэ, дяпэкІэ жылапхъэ хэпльыхьаКІэ ди республикэм Урысейм и щІынатІэхэм ящыщ куэди кьызэригъэпэщыфынущ. Абы и щыхьэтщ илъэс зыбжанэ хьуауэ Москва, Волгоград областхэм, Урысейм нку, ипщэ щІынатІэхэм, Башкортостаним, Татарстаним я мэкъумэщ предприятэ нэхъыфІхэм зэрадэлажьэр.

«Къэббалъкъгибридым» мы гъэм КЬБР-м и нартыхугъэкІхэм яхуигъэтъэгъуэнущ «Катерина», «Молдавская-115», «Родник-149» нартыху гибрид лІэужьыкІу хэпльыхьаХэр.

● Май куэй

Ерыскъыпхъэхэмкіэ ядоІэпыкъу

Май куэйм щыщсуэхэм къабгъэдэкІ дэІэпыкъуныгъэр зэрыдь автомашинэхэр Осетие Ипщэм кІуэну гъуэгу техьащ.

КЪУЛЕЙСЫЗЫГЪЭ кьызылъысыхэм хурагъаІуэ пхъащхьэмыщхьэ зэмылІэужьыгъуэхэр: Бердюжэ Владимир зи унафэщІ «Ленинцы» мэкъумэщ предприятэм мыІэрысэу тонни 2, «Александровк»» агрофирмэмрэ уней хозяйствэхэмрэ кьабгъэдэкІыжьхэр ныбжьыкІ тонн, къыщІэсу зы тонным щІигъу. Май куэйм щыщу мы псапащІэ Іуэхум зэрыгъэхьэ Іуэхущ Іапл Іэхэм, организацэхэм я бжьыгъэм хэхъуэ эпыщІ.

ШЭРЭЗДЖ Дисэ.

Гъуазджэ лъэмыж

Сурэтыр **К ЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Ди газетым зэрытетащи, КъБКъУ-м и гъэлъэгъуапIэ пэшыпхуэм тхьэмахуэ хьуауэ щокIуэкI Сыбырым щыщ сурэтыщIхэм-графикхэм я Iэдакъэщ-щIэкIхэм я выставкэ. Ар кьызрыгъуахьм теухуа зэIущIэм кьыщыпсэльащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей, КъБКъУ-м и ректор, КъБР-м и Парламентым и депутат, профессор Къэрэмырзэ Барэсбий, гъэлъэгъуэныгъэр ди республикэм къэзыша Пащты Германэ. ГуфIэгъуэ зэхуэхъэ апхуэдэу хэтащ университетым, гъуазджэмкIэ институтым, дизайнымкIэ колледжым щезыгъаджэхэмрэ студентхэмрэ.

-НОБЭРЕЙ гъэтхэгъуэныгъэ дахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщекIуэкIым мыхьэнэ зэхъыкIыжу тIу иЗщ, - жиIащ Ярин Андрей. - Апэр - выставкэр КъБКъУ-м и гъэлъэгъуапIэм зэрыщекIуэкIырщ, мыбы щеджэ ныбжьыщIэхэр апхуэдэ щыкIэкIэ гъуазджэм дегъэхьэхьан, графикэ лэжьыгъэхэр зыгращIыкIа литературэ лIыхъужьхэр абыхэм кьетэжьIуэм, дунейпсо классикэм хэгъэгъуэзэн, нэгъуэщI гупсысэхэри кьызэрызэщIнубыдэм щхьэкIэ. ЕтIуанэр Красноярск кьалэрэ Налшыкрэ я зэхуакум щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр кьызэрыдэхъаращ. Нэхъ апэкIэ экономикэ зэпыщIэныгъэхэр зэтеубла хьуамэ, иджы ар щIагъэбыдэнущ гъуазджэм я кьуэпсхэм, щIалэгъуалэм я зэрыщIыныгъэм.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым а и псалъэхэм кьыпищэри, Кьарэмырзэ Барэсбий жиIащ Сыбырым ксилографиемкIэ щыIэ студием апэу нэIуасэ зэрыхъухьэрэ, абы хэтхэм я лэжьыгъэхэр Красноярск щыIэу зэриутыгъэр университетым кьриигъэблэгъэным зэрыщIэхьэупсар, гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу гъэлъэгъуэныгъэр кьызэпэщынчыр кьызэрехьуIар зэригуапэр.

Ди лъахэгъу цIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубэ сурэтыщI, ЩIДАА-м и академик, Урысейм Художествэхэмкlэ и Академием хэт, Красноярск щыIэ художественнэ институтым и профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Пащты Германэ зи Iэдакъэщ-щIэкIхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым иджы апэу щагъэлъагъуэ студиер Сыбырым кьызэрыщIызэригъэпщэ мы гъэм ильэсри 10 мэхьу. А зэманым кьриубыдэу студием зыщызэригъэсахэм кьахэкIащ европэ гъуазджэм лъэ быдзкIэ хэуакъэр, Урысейм и щIыпIэ кудми хамэ къэралхэми цIэрыIуэ щыхьуахэр. Мы лъэхъэнэм студием зышагъасэ сурэт щIыныжкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ график 30-м.

КсилографиемкIэ студием кьикIуа гъуэгуанэм кIэщIу уриплъэжмэ, кьыхэгъэщIыпхъэщ ар кьыщызэрагъэпэща 1998 гъэм щIэжьхьауэ, Пащты Германэ и гъэсэнхэр гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэ кудзым зэрыхэтар, абыхэм я Iэзагъыр гъуазджэмкIэ Iэщ-гъэлI кудзым фIы быдэу кьызэралытар, пасэрей урыс графикэ зэпыщIэр абыхэм кьагъэщIэрэщIэжауэ кьызэрыхужаIар, я Iэдакъэщ экIэкIэ гъэщIэрэщIа тхьилъ кудзым дунейм кьызэрытехьар. Ахэр хэтащ Красноярск, Норильск, Москва щыIа гъэлъэгъуэныгъэхэм, «Ксилографие мир зыр» зыфIаща я выставкэр Пекин, Харбин кьалэхэм ящащ. А зэманым гулыитэ нэхъыбэ зыгъуэта ксилографхэу Беловэ Татьянэ, Тимохов Сергей, Федоровэ Еленэ, Пащт-Хьан Алим, Муринэ Наталье, Бородин Виктор, Стрижневэ Надеждэ, Барановэ Оксанэ сымэ, нэгъуэщIхэми я Iэдакъэщ-щIэкIхэрщ Налшык кьашар (псори зэхэту сурэт 300 мэхьу). УмыгъэщIэгъэнкIэ Iэмал иIэкым абыхэм я лэжьыгъэхэм я кьуэхьар зэрыниныр, пасэрей алыдж гупсысакIуэхэмрэ урыс тхыдэтхъхэмрэ я Iэдакъэщ экIэхэм кьыщыщIэдзауэ иджыпрей тхаIуэхэм я тхылъхэм нэху кьызэрызэщIабыдэр. Красноярск щыщ ксилографхэр «соавтор» зыхуэхъуахэм яцьыщ Апулей, Брант, Хармс, Гюго, Байрон, Гофман, Цвейг, Пушкин, Лермонтов, Гоголь, Астафьев, Бунин, Кьыщокъуэ, Кулиевыр, Бещтокъуэр, нэгъуэщI тхаIуэ цIэрыIуэхэри.

- Пащты Герман и творческэ зэфIэкIым сэ сызэрыщIыкIуэр сыщыгъуазэщ икIи егъэлеяуэ пщIэшхэ хузощI, - жиIэ псэльэгъу кьыткъухьуа, Налшык кьалэ судым и судыщIэ Хьэцей Светланэ. - Iэмал зэриIэкIэ и выставкэ псоми сокIуэ, и лэжьыгъэщIэхэр зызогъэльъагъуэ. НэгъуэщI сурэтхэм пэмыщIу, сригушхуэу си унэ щIэльащ Герман и лэжьыгъэ зыбжанэ. Нобэрей гъэлъэгъуэныгъэр гъэщIэгъэунщ, дахэщ, налшыкдэсхэми, университетым щеджэхэми ягу ирихьыну си гугъущ. Сехъуэхъуну сыхъуейт выставкэр кьызэрыгъэпщэхэми, си Iэдакъэщ Iэкl ягъэтIысагъэуэхэми аджкIи ечхьлIэныгъэ инхэр яIэну.

- Ди студием и Iэдакъэщ Iэкl Iэр нобэ

Бахьсэн. Гъуклэл Исуф батырыбжьэр ет.

Налшык. Дакьикьэ бжыгъэ дэкIмэ, шууейхэр гъуэгу техьэнущ.

Шууейхэр гъуэгу тохьэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Шухэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Афган зауэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Тхьэгъэлэдж Тимур.**

Псоми гуапэ ящыхъуащ Осетие Ипщэм и лIыкIуэ, къэбэрдей шууейхэр иригъэжьэну кьытхуеблэгъа **Давлоев Тимофей** и хьуэхьур:

- Осетие Ипщэм кьыбгъэдэкIыу фIэхъус фызох! Сытым дежи зыкьытIущIэгъакъуэу, фыкьыткIуэту дыкьоригуэгурыкIуэри, абы щхьэкIэ фIыщIэ ин фхузощIыну си гуапэщ, си къуэшхэ! - шуейхэм хьуэхьу дахэкIэ захуигъэзащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ Мухьэмэд.**

Гупым и пашэу, дзэпщыгъэ зыгъуащ адыгэш лъэпкъыфIэхэм я регистратор нэхъыщхьэ **Амщокьуэ Хьэжысмел.**

Адэкlэ адыгэ дауэдапщэхэм фIыуэ хэзыщIыкI, сыт хуэдэ гуфIэгъуэ Iуэхъушхуэхэри иригъэкIуэкIыну зи пщэ далыкъэ, «Адыгэ дунейр» центрым и унафэщI **ЦIыпIнэ Аслъэн**, сытым дежи я хуэзэу, пэлъэщ-кIуэну Тхьэм жиIи, гуфIэгъуэрэ узынщагъэкIэ фыкьихьыжь. Сыхуейт адыгэм нэхъыфIу дыдэу ильагъу псэущхьэу фэ фи ижьырабгъумкIэ кьыщыт шыхэми кьумым фихьэмэ, псы фыщамыгъащIэу фыкьрахьжьжыну, тафэм фытекIмэ, пIэ быдзкIэ щызэхэзекIуэну, псы фыхьыхьэн хуей хьумэ, псым я нэхъ уэрым фыкьыхьахыну сахужъхь уэхъуэну.

Адэкlэ адыгэ хабзэжьым тету, ЦIыпIнэм гупым я пашэм дыд папщIэ иригащ. Пасэрей гупзешэм, дзэпщым и кьалэн нэхъыщхьэрат - шууейхэр щежьэкIэ ар зэIэбэкIырт, и кьэлэгъмакъым быдыр кьрихырт, шым кьемыпсыхыу щIым хитIэртн, тхьэ иУэрт а дыдыр щыхитIа щIыпIэм гупыр кьришэлIэжьну. Уафэм мази вагъуи имысу жэщым я нэхъ кIыфIым хитIа дыдым дежи щымыуэу гупыр кьриушэлIэжьырт. Апхуэдэ хабзэ дахэм тету Амщокьуэ Хьэжысмел дыдыр щым хитIащ икIи кIэщу гупыр гъуэгуанэ теуваI. Адыгэм и зы хабзэ дахэщи, зекIуэ ежьа гупым кIэлъыгъэхуабэ хуащIыжащ - джэгушхуэ зэхэублащ.

КъАНЫКъУЭ Анфисэ.

«Фыкьебларгъ!» - жаIэ шэджэмдэсхэм.

Бахьсэндэсхэм шууейхэр ягъэлъапIэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Республикэр фхъумэ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым кьышалъхуа, Смоленск кьалэм щыпсэу Ано хIи Максим Александр и къуэм гущыIэхъ щыхьуащ Осетие Ипщэм щекIуэкIаэр. Абы т еухуауэ ди хэкуэгъуэм тхьигъэ хуигъэхьащ КъБР-м и Президентым и www.president.kbr.ru. сайтым:

«ПщIэ зыхуэсщI Арсен Башир и къуэ! Псом япэу фыщIэ ин пхузощI ди къуэш Осетие Ипщэм фызрыдэIэпыкъум папщIэ. Сэ Уэ тхьэуКIэ зыпхузо-гъаз Кавказым зэрыхьзэрий Кавказым кьыщалъхуауэ мы зэманым Урысейм и кум щыпсэу цIыхухэм я цIэкIэ сынолъэIу Осетие Ипщэм щыщ ди къуэшхэм ядэIэпыкъун папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым иц лъэпкъхэр нэхъри нэхъ быдэу зэщIэбгъэуIэну. Псори дызэщIыгъуэ, Тхьэр кьыддэIэпыкъумэ, ди мурад псори кьыдэхуащIэнщ. Республикэр зэрыфхъумэным фыщыщIэхэр дегъэхьэхьным, Iэщ-гъэлI нэсхэр гъэхьэзырным хузунэтIауэ 2008-2009 гъэ еджагъуэм урысейпсо зэхьыхьэхэр зэхуэдгъэкIуэкIмкIэ.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм ирегъэкIуэкI «Хабзэр зэхэгъэуэным сызэрепльыр» фIэщыгъэщIэр зиIэ лэжьыгъэ нэхъыфIыр кьышалъытэну, еджэ щIалэгъуалэм я IУ Урысейпсо зэпеуэ (2008 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м щыщIэдзауэ 2009 гъэм щышылъэм и 31-м щыщIэдзауэ 2009 гъэм щышылъэм и 31-м нэсыху икIи зы щакIуэм махуэм кьырыубыду къызыпльэтхьхь псэущхьэу кьнуKI хьунухэм я бжыгъэр мы кьыкIэтыкIуэм хуэдэу гъэувын:

ныбгъуэу - 10
тхъэрыкъуэу - 5
псыджэду - 5
щэд псэущхьэу - 10
бабыщу - 3
кьазу - I
щыгъэжэду - 4;
б) мэз псэущхьэ пIащэ хэм:
кьурш ажэм (бжэным) - 2008 гъэм фокIадэм и 5-м щыщIэдзауэ 2008 гъэм щэжьагъуэм и 25-м нэсыху
мэзыкхъуэм - 2008 гъэм фокIадэм и 5-м щыщIэдзауэ 2009 гъэм щIышылъэм и 15-м нэсыху
щыхь бжьабэм - 2008 гъэм фокIадэм и 15-м щыщIэдзауэ 2009 гъэм щIышылъэм и 15-м нэсыху
щыхь кьуэлэным - 2008 гъэм фокIадэм и 15-м щыщIэдзауэ 2009 гъэм щIышылъэм и 15-м нэсыху.

2. Кьэзыльэтыхь псэущхьэхэм ещэкIуэну щыхуимыт махуэ кьуэдыуэ тхьэмахуэ кьэс тIу - бэрэжьеймрэ махуэкумрэ - гъуэбыл.

3. Кьару имыIэжу кьэльытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм щыщхьэIу и 13-м кьыдигъкIа Унафэ №456-рп-м.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхьэмкIэ и министр Ерчэн Т. Хьу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ЯРIН Андрей.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм фокIадэм и 5-м №491-рп

«Псэущхьэхэм я Iуэхукl» 1995 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м щыщта Федеральнэ закон №52-м, РСФСР-м зэрыщыщкIуэ типовой хабзэу РСФСР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм щыкIуэ Iуэхухэмкlэ и управленэм 1988 гъэм щышылъэм и 4-м кьыдигъэкIа приказ №1-мкIэ кьыщтам, «Къэзылъэтыхь псэущхьэхэм зэрещэкIуэр» и разделым япкъ иткIэ:

I. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщыщкIуэну зэманыр гъэувын:

а) къэзылъэтыхь псэущхьэхэм щещэкIуэнур 2008 гъэм фокIадэм и 5-м щыщIэдзауэ 2009 гъэм щышылъэм и 31-м нэсыху икIи зы щакIуэм махуэм кьырыубыду къэзылъэтыхь псэущхьэу кьнуKI хьунухэм я бжыгъэр мы кьыкIэтыкIуэм хуэдэу гъэувын:

ныбгъуэу - 10
тхъэрыкъуэу - 5
псыджэду - 5
щэд псэущхьэу - 10
бабыщу - 3
кьазу - I
щыгъэжэду - 4;

б) мэз псэущхьэ пIащэ хэм:

кьурш ажэм (бжэным) - 2008 гъэм фокIадэм и 5-м щыщIэдзауэ 2008 гъэм щэжьагъуэм и 25-м нэсыху

мэзыкхъуэм - 2008 гъэм фокIадэм и 5-м щыщIэдзауэ 2009 гъэм щIышылъэм и 15-м нэсыху

щыхь бжьабэм - 2008 гъэм фокIадэм и 15-м щыщIэдзауэ 2009 гъэм щIышылъэм и 15-м нэсыху

щыхь кьуэлэным - 2008 гъэм фокIадэм и 15-м щыщIэдзауэ 2009 гъэм щIышылъэм и 15-м нэсыху.

2. Кьэзылъэтыхь псэущхьэхэм ещэкIуэну щыхуимыт махуэ кьуэдыуэ тхьэмахуэ кьэс тIу - бэрэжьеймрэ махуэкумрэ - гъуэбыл.

3. Кьару имыIэжу кьэльытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм щыщхьэIу и 13-м кьыдигъкIа Унафэ №456-рп-м.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхьэмкIэ и министр Ерчэн Т. Хьу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРIН Андрей.

● КъБР-м и Парламентыр илъэс 70 щирикъум ирихьэлIэу

ШкIахъуэм и вагъуэр

СЭ фIЫУЭ соцIэж 1957 гъэр. Абы щыгъуэ Къэрэгъэщ курыт школьм сыщылажьэрт. Къэбэрдейр Урысейм зэрыпхъэрэр илъэс 400 щрикъуI Iэт ауэ ягъэльапIэрт. А гуфIэгъэщхьэм хэтыну ди республикэм кьэжьуат Хэку зауэшхуэм и зэманым Украинэм и партизан зэгухьэныгъэм и командующэу щыта генерал-майор, Совет Союзым тIэунейрэ и Лыхужь, У краинэм социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат Федоров Александр. Ар кьригъэблэгъат зауэ зэманым партизану щыта, кьэрал дамыгъэ лъапIэ зыхуагъэфэща, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат Чаевым и щIэкIэ щыIэ колхозым и тхьэмадэ ШкIахъуэ Эдуард. ШкIахъуэр пщIэшхуэ зиIэ, гугъуехь Iэджэ зи нэгу щIэкIа лIы цIэрыIуэт.

Хьэмид Къэрэгъэщ щыпсэуа лIы щэджащэ ШкIахъуэ Мыхьмуд и кьуэ зиIэхьыщIэт. Адэ губзыгъэм и кьунтхур игъэзат захуагъэм, пэжыгъэм я телъхьэу, лэжьыгъэм щымыщIэу, гугъуехьым щымыщIэну, щIалэу я щIыналъэр фIыуэ я яльагъу, абы папщIэ я гъащIэр ятырфыну хьэзыру. Мыхьмуд и кьуэ нэхъыжь Хьэпащэ и ныбжьыгъуфIт Къэбэрдей-Балъкъэрыр зи щхьэм хущытыжк, и унафэр зыIущIэльыж щыналъэ хъунымк щIэбэн лIы хахуэАхъуэхъу Тембот. Хьэпащэ 11-нэ армэм хэту щызэхуащ Ставрополь, Астрахань губгъуэхэм, 1918 гъэм Минвод кьалэм и деж гъащIэр щитащ. Абы кьыкIэлъыкIуэ Хьэмэзт щыжькIуэдащ Ставрополь куейм хыхьэ Горькая Балкэкlэ зэджэ щIыпIэм. Хэкум папщIэ я гъащIэр ятащ Мыхьмуд и кьуэхэу Хьэпагуэрэ Хьэзэрэтрэ. Зыр 1942 гъэм, адрейр 1943 гъэм Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ.

Й кьуэшиплIым я щапхъэм

1938 гъэм Хьэмид Къэрэгъэщ Чапаевым и цIэкIэ щыIэ колхозым и тхьэмадэу хах. ШкIахъуэм тету, и кьарури и зэфIэкIри Хэку мэхиугъэпсу, щалъхуа жьилэжьым и зыужьыныгъэм игури и псэри етауэ и гъащIэ псор ихьащ Мыхьмуд и кьуэ Хьэмидт. Абы и сабиигъуэри и щIалэгъуэри гугъуехь защIэу щытащ, Ар екъуапсэрт шы зиIэхэм, выкIэ вэхэм, зы ж эмыжь эи пщIантIэ дэхэм. 1928 гъэм Къэрэгъэщ япэ дыдэу «Кооператорым» зэрыщ мэкъумэш зэгухьэныгъэр кьыщыззэрагъэпэщым, мэкъумэш артелыр, Хьэмидт абы трактористу кьащIэж. Ар ирилъжьащ «Фордзон», «СТС», «ЧТЗ» тракторхэм.

Кьэд дамыкIыу кьуажэ унафэщIхэм гу льатэ Хьэмид зэрылъжьащIэжьыну зи и выужьыкIыу, кьызэгъэпэщащIэу къэрэныгъэ зэрыщIыпIэм иIэн трактор бригадэм и унафэщIыгъэ ягъэув. Кьэд дамыкIыу ШкIахъуэр МТС-м и механик мэ хьу. Иджы абы и пщэм кьыдэхэрт «Къэрэгъэщ», Крупскэм и цIэкIэ, Мартым и 8-м и цIэкIэ щыIэ колхозэм я губгъуэхэм щылажьэ техникэр зыхуей хэзгъэзэныр.

Бахьсэнэдсхэм щыуейхэр ягъэлъапIэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЩIалэгъуалэм папщIэ

● Зэпеуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БгъэдэжьнэгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, узынщагъэр хьумэныкIэ и комитетымрэ КъБР-м Бгъэдэжьнэгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ хьыбар фагъащIэ, къытщIэхьуэ щIэблэм гъэсэныгъэ тэмэм егъэгъуэтыным, я кьэхуным нэхъ кууэ зегъэужьыным, творчествам, щIэныгъэм ныбжьыщIэхэр дегъэхьэхьным, Iэщ-гъэлI нэсхэр гъэхьэзырным хузунэтIауэ 2008-2009 гъэ еджагъуэм урысейпсо зэхьыхьэхэр зэхуэдгъэкIуэкIмкIэ.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм ирегъэкIуэкI «Хабзэр зэхэгъэуэным сызэрепльыр» фIэщыгъэщIэр зиIэ лэжьыгъэ нэхъыфIыр кьышалъытэну, еджэ щIалэгъуалэм я IУ Урысейпсо зэпеуэ (2008 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м щыщIэдзауэ 2009 гъэм щышылъэм и 31 щIыпIэдэ). Абы кьрикIуэну ипкъ иткIэ «Хабзэр зэхэгъэуэным сызэрепльыр» Урысейпсо щIалэгъуалэ форум зэхашIнущ (2009 гъэм и фокIадэм и 23-25-хэм).

Къэрал Думэм ельэджьнэгъэмкIэ и комитетым и дэIэпыкъугъэмкIэ УФ-м Егъэджьнэгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм ирегъэкIуэкI:

- «Си зэфIэкIыр кьалъытэнущ XXI лIэщIыгъуэм» V Урысейпсо щIалэгъуалэ фестивалыр (2008 гъэм жэпуэгъуэм и 29-30-хэм);

- щэнхабзэмкIэ, экологиемкIэ, гъащIэр зыныжьынущу кьызэгъэпэщыныкIэ «ЮНЭКО-2008» VI Урысейпсо щIалэгъуалэ зэмыхьэр (2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 26-28-хэм);

- щIэныгъэ-къэхутэныгъэ, творческэ лэжьыгъэхэмкIэ Урысейпсо зэпеуэ (2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 15-м щыщIэдзауэ 2009 гъэм мазаем и 15 пIощIэдэ);

- «ЩIэныгъэм хэсчэ япэ лъэбакъуэхэр» II Урысейпсо сабий конференц (2008 гъэм дыгъэгъазэм и 17-19-хэм);

- «Урысейм и лъэпкъ хьугъэфIыгъуэхэр» XXIV Урысейпсо конференцыр (2009 гъэм гъатхэпэм и 25-28-хэм).

Къэдгъэлъэгъуэ Iуэхугъэ псори ёокIуэкI урысей щIалэгъуалэм щIэныгъэ, творчествэ я лъэныкъэкIэ зегъэужьыным хузунэтIа лъэпкъ программэм, «Интеграция» жыхуиIэм, ипкъ иткIэ. Абы жьыджэру хэтщ егъэджьнэныгъэмкIэ Федеральнэ агентствэмрэ зэрыщыкIэ Федеральнэ агентствэмрэ.

ЗэрызэлыпIщIэну телефонхэр:

Налшык кьалэ - 42-49-16 (КъБР-м и Парламентым БгъэдэжьнэгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, узынщагъэр хьумэныкIэ и комитет);

Москва кьалэ - (495) 688-21-85, (495) 684-82-47

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1ап1э.

СЭ фIЫУЭ соцIэж 1957 гъэр. Абы щыгъуэ Къэрэгъэщ курыт школьм сыщылажьэрт. Къэбэрдейр Урысейм зэрыпхъэрэр илъэс 400 щрикъуI Iэт ауэ ягъэльапIэрт. А гуфIэгъэщхьэм хэтыну ди республикэм кьэжьуат Хэку зауэшхуэм и зэманым Украинэм и партизан зэгухьэныгъэм и командующэу щыта генерал-майор, Совет Союзым тIэунейрэ и Лыхужь, У краинэм социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат Федоров Александр. Ар кьригъэблэгъат зауэ зэманым партизану щыта, кьэрал дамыгъэ лъапIэ зыхуагъэфэща, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат Чаевым и щIэкIэ щыIэ колхозым и тхьэмадэ ШкIахъуэ Эдуард. ШкIахъуэр пщIэшхуэ зиIэ, гугъуехь Iэджэ зи нэгу щIэкIа лIы цIэрыIуэт.

Хьэмид Къэрэгъэщ щыпсэуа лIы щэджащэ ШкIахъуэ Мыхьмуд и кьуэ зиIэхьыщIэт. Адэ губзыгъэм и кьунтхур игъэзат захуагъэм, пэжыгъэм я телъхьэу, лэжьыгъэм щымыщIэу, гугъуехьым щымыщIэну, щIалэу я щIыналъэр фIыуэ я яльагъу, абы папщIэ я гъащIэр ятырфыну хьэзыру. Мыхьмуд и кьуэ нэхъыжь Хьэпащэ и гъащIэр ятырфыну хьэзыру. ШкIахъуэ Мыхьмуд и кьуэхэу Хьэпагуэрэ Хьэзэрэтрэ. Зыр 1942 гъэм, адрейр 1943 гъэм Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ.

Й кьуэшиплIым я щапхъэм зауэшхуэр кьохьэкI, Къэрэгъэщ щыщ цIыху 640-рэ абы макIуэ. 1942 гъэм щышхьэIум мэкъумэш-фашист зэрыпхъуакIуэхэр кьуажэм кьыдохьэ, ШкIахъуэри бийм япэщIэуэ партизанхэм яхохьэ.

1942 гъэм щышхьэIум кьыщыщIэдзауэ 1943 гъэм и щышылъэм нэсыхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и партизан гупыр зэрыщыIар. Ауэ я мазэм иримыкъм кьриу быдэу ди партизанхэр нэмыщ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм бгъэдэнейрэ гуащIэу ятеуваI. Партизанхэр псом хуэмыдэу гуащIэу щызэуащ Къармэхъэблэ, Хьэбгэз, Лъэхэн, Жэмтхьэлэ, ШащIэжьмэ Ипщэ, нэгъуэщI щыпIэхэмк. ШкIахъуэм и дежкIэ гуимыхужт Лэскэн деж щекIуэкIа зауэр. Абы хахуагъэрэ лыгъэрэ кьыщагъэлъэгъуэщ Хьэмид и взвод дым хэтхэм. Ешьм и щхьэкIэ щапхъэ кьызэрригъэльэгъуэм, и взводыр тэмэму зэриунэтIам, бийм хэщыныгъэ ин зэрыритам папщIэ ШкIахъуэм и бгъэм абы щыгъуэ кьыхалъхьат «Вагъуэ Плышкъ» орденыр.

Хэку зауэшхуэм и ужькIэ ШкIахъуэр ягъэ уэ Альтэд МТС-м и унафэщIу. Абы хыхьэрт Алтэд, Къэрэгъэщ, Черниговкэ, Саратовкэ, Благовещенскэ, Псынщокъуэ, Павлоградскэ, Кременчуг-Конст атиновскэ кьажэжьм щыIэ хозяйствэхэр. А зэманым Къэрэгъэщым и Iуэхур щагъуэу щыIэр ШкIахъуэр щIэкIыртэкъым. ШкIахъуэр щIолъэIу колхоз ехухэм и унафэщIу ягъэкIуэжьыну Къуажэдэсхэм ШкIахъуэр зэдэзэрэпсэу колхоз унафэщIу хах. Къуажэ зэ коммунистхэм Прималкэ райкомым и секретару лажьэ Уэрыш ТIэхыри парт организацэм и секретару къашэж. Колхозым я лIтIым псынщIэу зыдаужьу щIидзащ. Къуажэм дащIыхь клуб, цIыхухэм щеIэзэ амбулаторэ, колхоз правленэм и унэ, пхъэ щызэгуах цех, бригадэ унэхэр, фермэхэр зэрагъэпэщыжьк, зыхуей хуагъаазэ, абыхэм ток яшэ, губгъуэм ит- хэмрэ Iэшым пэрытхэмрэ я зэIузэпэщыныгъэр кьызэрагъэпэщ, я псэукIэр, я лэжьэкIэр ирагъэфIакIуэ. А псоми екъулIэныгъэрэ фIэкIэ кьрокIуэ. ШкIахъуэ Хьэмид нэ щIыкIэ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм, иужькIэ 1954 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хах. 1957 гъэм колхозым иIэ екъулIэныгъэхэм икIи Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгъуэкIыр илъэс 400 щрикъум я щIыхьэ ШкIахъуэм Ленинным и орден кьыхуагъэфащэ.

- Сэ си гуапэу фи кьуажэм сыкьэкIащ,- жиIат 1957 гъэм Украинэм кьикIа хьэщIэ лъапIэ Федоров Александр. - Ялрэауэ, сэри, фи колхоз тхьэмадэ ШкIахъуэ Хьэмид хуэдэу партизану сыщытащ, етIуанэрауэ, дэ тIури СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм дридепутатщ, Мэскуу ныбжьыгъу дыщIэхэуэхьуащ. Иджы Хьэмид сыкьырыгъэблэгъати, фи адыгэ жыIэкIым сыкьэкIуащ, фи гуфIэгъэр в дэсIэну, фи псэукIэр зэзгъэльагъуну, украин сэлам гуапэ фэсхуну».

Апхуэдэ лIы щэджащэ дэсащ Къэрэгъэщ - ШкIахъуэ Мыхьмуд и кьуэ Хьэмид. ИлъэС зыбжанэ щыIэ хозяйствэхэр. А зэманым Къэрэгъэщым и Iуэхур щагъуэу щыIэр ШкIахъуэр щIэкIыртэкъым. ШкIахъуэр щIолъэIу колхоз ехухэм и унафэщIу ягъэкIуэжьыну Къуажэдэсхэм ШкIахъуэр зэдэзэрэпсэу колхоз унафэщIу хах. Къуажэ зэ комму-

ЭЪРЫШ Нурхьэлий,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.



Адыгэбзэ - адыгэпсэ

УсакIуэ, егъэджакIуэ, критик цIэрыIуэ Къэжэр Хьэмид и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу

Къэжэр Хьэмид ХьэтIутI и къуэр Бахьсэн районым щыщ Исльэмей къуажэм 1938 гъэм кьыщалъхуащ. Къуажэ курыт еджапIэм нужьмIэ КъБКъУ-м щIотIысхьэри, ар 1962 гъэм кьеуэ. 1962 - 1965 гъэ. Хьэмид адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и аспирантурэм щоджэ. 1967 гъэм филологие щIэныгъэхэм я кандидат цIэр кьыфIащащ.

Къэжэр Хьэмид студенту зэрыщыт лъандэрэ литературэм дехьэх, республикэм щекIуэкI литературэ Iуэхуэм хэтщ, и тхыгъэхэр газетхэм, журналхэм кьыратаджэ.

Хьэмид и IапэкIэ литературэ IуэхуабгъэкIэ - «Гъалъэрэ Iуэхуэр» рассказыр 1959 гъэм «Ленин гъуэгу» газетым кьытехуэу щыта. И IапэкIэ литературэ тхыгъэр 1962 гъэм «Iуащхьэмахуэ» журналым кьыратаджащ.

Критикэ тхыгъэхэм кьищынэмыщIауэ, Хьэмид и усэхэр зэрыт тхыль зыбжанэ кьыдэкIащ. 1991 гъэ лъандэрэ ар ТкачIуэхэм я союзым хэтщ. Къэжэр нэхьыбэм кьезыгъэщIхуар и тхыгъэхэрауэ щытми, ар нэгъуэщI Iэнатlэ пэрытщ - университетым щрегъаджэ, КъБКъУ-м нэгъуэщI къэрал литературэмкIэ и кафедрэм и доцентщ.

Хьэмид и илъэс 70 юбилейр щигъэлъапIэм ирихьэлIэу дэ ябы упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

КЪЭЖЭР Хьэмид:

- Ди лъэпкъ литературэм, абы и нобэрей щытыкIэм ехьэлIауэ нэхъ уэзыгъэпIейтей, ухэзыгъапщэ Iуэху: гъуэхэм я гугъу кьытхуэпщIамэ, ди гуапэ, Хьэмид.

- Япэр ди тхакIуэхэм, усакIуэхэм ехьэлIащ. АдыгэбзэкIэ усэ зытххэм сахоплъэри, цIыкIуэхэм, цIыкIу дыдэхэм папщIэ тхэуэ зыбжанэ яхьэо лъагэуэ. УнIэр хьарзынэщ, тхьэмыщкIагъэр уимыIэнырщ. АтIэ илъэс 11-16-хэм ит ныбжьыщIэхэм (а ныбжьыр зыгъэуэр 4-8-нэ классхэрщ) папщIэ усэ ятхыу нобэ дапщэ диIэ? Мис абы сэ сегъэгъаз.

Зи гугъу тщIы ныбжьым ит сабийм адыгэбзэкIэ тхауэ библиотекэ пса нIэн хуейщ - сыт и лъэныкьуэкIи жэуап щигъуэтрэ Iэпэгъу кьыхуэхъуу. НтIэ, абы нIэ апхуэдэ библиотекэ?

Сабийр бгъэхьауанщэ хьунукым: иджы абы и гупсысэр жьыкъэ щолъыхъу, и зэхэщIыкIым ку эд кьригъэуфыдыну мэлъэпIастхъэ икIи зыхуэныкьуэ Iуэхугъуэхэр, зыгъэпIейтей упщIэхэм я жэуапыр и анэдэлъхубзэ литературэм химыльагъуэмэ, ар кьыщигъэуэт лъэныкьуэмкIэ мыплъэу хьуркъым, адыгэ литературэмэ (адыгэбзэми) ибгъу хуигъэзэным щыри хэIуакъым.

ЕтIуанэ Iуэхугъуэр эпхэр ди лъэпкъ театрыщ. Иужьрей илъэс 40-45-м кьриубыдэу лъэпкъ драматургием гу зыльоэзыгъатэ гъэрхэр кьыщыкъуауэ щытмэ, театрми нобэр кьыздэсым адыгэбзэ щыз3хэтхмэ, ахэр зи фIыщIэр Iутлыж Борисщ, жыпIэмэ, абы пщIыупс урихьуну кьыщIэкIынкьым.

Илъэс 40-р зэман цIыкIуккым. Абы укьыдэбкэмэ, ди прозэми поэзиеми кьыпхъэмыщIыхужыну захъуэжащ. Драматургием-щэ? Сэ жысIэркъым а зэманым кьриубыдэу пьесэ зыми имытхауэ. НэгъэущIщ сэ зи гугъу сщIыр: «Тыргъэтауэмрэ» «Гущэмыдэхьэбгэмрэ» тщимыгъэгупщэми, абы ябгъэдэбгъэувэ хьун тхьгъэ кьызыпкърыкьа автор яхэт Iутлыжым кIэ лъыкIуэу пьесэ зыгъахэм? Сэ сщIэркъым.

НтIэ, лъэпкъ театрым и «щIыхуэу» ди литературэм тельыр щипшыныжынур дапщэщу пIэрэ? А «щIыхуэми» кIуэ пэтми кьыхэхъуэ зэпытщ: лъэпкъ театрыр екIуу лэжьэн икIи псэун, ди актер ахьырэзэманхэм я зэфIэкIм хэхъуэн, я Iэзэгъэн энужьхуэдиин щхьэкIэ, анэ дэлъхубзэкIэ ятха пьесэуи хамэбзэм кьрахьу анэдэлъхубзэм кьрагъэтIэса пьесэуи куэд щIэн хуейщ. Арщхьэкlэ я кьалэнитIым ящыхээри ди деж аркъудеи гъэзэщIа щыхьуркъым. Ауэ, лъэпкъыр, лъэпкъыр зэрыгъэубыдыжын, зы Iуэхугъэ абрагъуэ гуэрым ар хузбунэтIын и лъэныкьуэкIэ театрым нэхъ IэмалыфI кьэгупсысагъуейщ.

Ещанэ гъэзвэгъуэр критикэрщ. ЖамIэмэ ар иджыпстукIэ лъэрымыхьщ япэм хуэмыдэу. Ар кьызыдИ тхакIуэхэм яхэтщ критикэм псалъэмакъ щхьэпэ кьыщыдзыIэтыфынуэкъ. НтIэ, тхакIуэхэм ящапкърыкIауэ статьяхэр, рецензэхэр, тхэхэм дерс, тхьилъедкъэм якьыщ кьыхакьын хуэдэу пэрыхьэту кьытехуэрэ ди журналхэмэ газетхэмрэ? Кьыщытемыхуэр сыт? Мис абы егупсысыпхъэщ.

Мы зи гугъу сщIа Iуэхугъуэхэр сызыIэгъэзавэ, зегупсысыпхъэу кьыхсфIэщIкуэдым ящыщ зыгъуащ.

- Ди илъэс 70-м дауэ уIущIэрэ, Хьэмид? ПщIамрэ пхуэзэфIэкIамкIэ узыхуэзарзыкъ?

- Гуныкъ узгъуэщхуэ сиIэ у, сыуикIытэу сыхуэзэу аращ, жысIэнкIэ пщы лъэпкъ хэпльхьхурт, кьехуэ лIауэ кьыфIэщIми игу зыхуэныкьуэми кьыт евыIэрт. Дауи ирехъуи, апхуэдэ псалъэмакъым анализ жыхуаIэм и лIэужьыгъуэ, куэд-мащIэми, хэмыльынкIэ Iэмал иIэтэхуэ. НтIэ, мис а анализкIэ зэдзэжьыр зыхуэздмрэ зыхуэздмрэ зыхуэдгъэгъуэжыкIэ, сщIэфыну зыкIынгъэу ягъуэтам, ар кьызых зыкIынкIэ хьуну щхьэуэ сыгъ зуэхэм тепсэ лъыхьу. Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр игъэзащIэ лджыIырт, кьыхихгъэ иджыхьырт, кьехуэ лIауэ кьыфIэщIми игу зыхуэныкьуэми кьыт евыIэрт. Дауи ирехъуи, апхуэдэ псалъэмакъым анализ жыхуаIэм и лIэужьыгъуэ, куэд-мащIэми, хэмыльынкIэ Iэмал иIэтэхуэ. НтIэ, мис а анализкIэ зэдзэжьыр зыхуэздмрэ зыхуэздмрэ кьэзыгъэгъуэзэн, сыт ху зэдзэ чэнджэщ яптынт, Хьэмид?

- Сэ хуабжьу сегъэгумэщI Осетие Ипщэм кьыщыхуэ Iуэхугъуэ шынагъуэм. Зы цIыхум и акъылыншагъэкIэ лъэпкъытхэкIуэ зауэ зэхауфлэри, цIыху мамыр куэд зэ ттраугIащ. А Iуэвэгъэм хуэдэ дяпэкIэ ди зы щIыналIи кьыщымыхуну, ар псынщIэ псынщIэу ящыгъупщэу махуэ бжьыгъэ ипэкIэ зыщIэдздзэжа гъэ ешжэгъуэщIэр егъэзажа-кIуэ (ар университетым щезыгъаджэри школ егъэджакIуэуи щрет) псоми, еджакIуэхэми яхуэзыгъуэрыпну си гуапэщ. Тхьэм мы гъэр щэнхабзэм, щIэныгъэм, зэгугрыIуэныгъэм я илъэс у кьытIу - щIигъэкI.

- Упсэ!

Епсэльар

ИСТЕПАН Залинэщ.

Кучуковэ Зухра, *филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор:* - Къэжэр ХьэтIутI и къуэ Хьэмид. А псалъэхэм сэ ятпэ дыдэрауэ зэслъагъуэр нэгъуэщI Iуэрал литературэмкIэ егъэджакIуэ гъэзэждэжщ. Сыщыстуденткъм щыгъуэ си насыпыкьэкIащ Хьэмид и лекцIэхэм сыщIэлъэIуну. Абы щыгъуэ сэ сфIэгъэщIэгъуэнт дэтхэнэ зы ветеринар и цIыхугъэ щIэныгъэ, кафедрэм щыгъэлажьэу хьуар дызыхущIэкъур мис а Iэзагъэрщ.

Хьэмид кавказ аристократ хужьыпIэкIэ егъэлеяу хьунукъым. Абы и хьэлым, и щытыкIэм кьыззэщIеубыдэ щIэныгъэщIэхуэмрэ адыгэгъэмрэ. ЩIалэгъуалэм джекIэ щапхъэр Хьэмид и лекцIэхэм я закъуэкъым, атIэ и зыбыгъыкIэри, и псэупкIэгъушыпIэкIэри, Iыгъуэм кьыгъэув упщIэхэм жэуап кьаззрыхуригъуэт щыкIэрти узыщIэджыкI хьуну защIэщ.

Сэ кьыззэрыщыхъмкIэ, ар псори кьызыпкрыкIыр Къэжэр Хьэмид зэрыусакIуэрщ. Литературэм ди деж кIэ пщIэшхуэ иIэщ Хьэмид и дэхтэнэ зы псалъэ щэрыуэми. Анэдэлъхубзэр лъэпкым и псэу зэрыщытыр наIуэу кьызыхэщ «Адыгэбзэ - адыгэпсэ» жызыIа Хьэмид дауэ пщIэ зэрыхуумыщIынур?!

ХьэкIуащэ Мадинэ, *филологие щIэныгъэхэм я кандидат:* - Хьэмид зэчий хэIэтыкIауэ тIу - усакIуэшхуэрэ щхьэкIэ ар а тхьэмпэ щыкIуэрщ.

●Футбол

«Локомотивми» Рахимовми Налшык дыщытекIуэфыркъым

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Локомотив» (Мэскву) - 0:1 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. ФокIадэм и 14-м. Щыхъу 9000 еплъащ.

Судьяхэр: Петтай (Петрозаводск), Писанкэ, Романов (тIури Новосибирск щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Хомич, Ятченко, Васин, Амиусашвили, Филатов, Гогуа, Самсонов (Шернас, 65), Мэшыкъуэ, Джатэрывэ, Сирадзе, Калимуллин (Гъуэщокъуэ, 62).

«Локомотив»: Чех, Камболов, Баша, Рофолфу, Янбаев, Глушаков, Мамиков, Торбинский, Билялетдинов, Одемвингие, Сычёв (Шарлес, 89).

Топыр дигъэкIащ: Торбинскэм, 58 (0:1).

Дагъуэ хахуащ: Самсоновым, Калимуллиным, Одемвингие, Торбинскэм, Ятченкэ, Чех, Джатэрывэм.

Джэгум хахуащ Камболовыр.

Зэхъэзэхуэр и кIэм нэблагъэу, премьер-лигэм хэт командэхэр очко нэхъ хуэныкьуэ мэ хьу. Псом хуэмыдэу «Спартак-Налшыкым» и иужьрей хьэрхуэрэгъуэхэр. Мэзкуу и «Спартакри», ЦСКА-ри, «Динамори», «Локомотиври» хуабжьу мылькуштуэ зытрагъэкIуадэхэщ икIи иджыри къэс хъуэхэр мыкIар ирагъэжькужьму ерыщу хущокъу. Ди щIалэхэри абыхъэм зэран зэрахъуэхъу щIэжьым - Газзаевым и гъэсэнхэм очкоитI фIагъэкIуэда мыхъумэ, адрейхэм текIуэныгъэмкIэ яхуэупсащ.

А щIыкIэм тетащ «Локомотивым» вэсэмахуэ драгъэжьуэкIари. Пэжщ, жьпIэфыпIу - кьым «Спартак-Налшыкыр» текIуэныгъэм хущIэмыкьуааУ. ХущIэжьуащ, еблэмэ, псэемыблэжу. АрщхьэкIэ, кьиКIа щыIэкъым. Налшыкдэсхэм сэбэп кьахуэхъуакьым джэгум и пэщIэдзэ дыдэм (епщыкIуха ди дакьиКIэм) хьэщIэхэм я гъэущхьэхъумэхэм ящыщ зы Камболовыр, Гогуа лъакьуэжIэ кIуэцIыуа иужькIэ, зэрырахуари.

Дауи, зы футболисткIэ нэхъыбэ «Спартак-Налшыкыр» ерыщу ебгъэрыкIуэрт. ЖьпIэну иракъунщ мы зэщIэм кьиуфыбдзу ди щIалэхэр 24-рэ гъэм зэреуар. «Локомотивым» жэуап кьиузэрыритыжар 7-щ. «И фэм имыхуэжу» а Iуэхугъуэм игъэгубжьат икIи игъэгушIат мэзкуудэсхэм я тренер нэхъыщхьэ Рахимовыр. Судьяхэм я дэтхэнэ унафэми ар иридау эрт, щIэх-щIэхыурэ джэгуплI губгъуэм кьыщиIыдаи щыIэт.

Апхуэдэу щытми, налшыкдэсхэм хьэщIэхэм я гъуэр кьахуэщтакъым. АбыкIэ Iэмал гъэзэджэхэр яIат Самсоновым (тIэунейрэ), Джатэрывэм, Филатовым, Калимуллиным... АрщхьэкIэ кьыхэжаныкьыну зыми и Iэзагъыр хуриКIуэкьым.

Iэмалыр кьиузэрыгъэсэбэ-пын хуей щыкIэр хьэщIэхэм кьрагъэлъэгъуащ. 58-нэ дакьиКIэм Торбинскэр жьжьэу щытыр кьеуащ икIи тобыр ди гъущхьэхъумэхэм ящыщ зым текуэри, гъуэм дыхьащ - 0:1.

ЕбгъэрыкIуэныгъэхэр игъэлъэщым мурадкIэ «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Краснюжан джэгум кьыхигъэхащ я пэ дыдэ ди командэм и фащэр премьер-лигэм щыщызэтIэгъэ-хэ зэ Шернасрэ Гъэущокъуэмрэ. Пэж дыдэуи, абыхъэм я насып кьиКIэ пэтащ. АрщхьэкIэ, сыт щыгъ уи хуэдэу, Iэзагъ ньагъэ кьигъэльагъуэрт «Локомотивым» и щIыхьыр япэу зыихьумэ гъущхьэтет Чех (иджыри кьэс ар «Луч-Энергием» хэтащ). Аращ зи фIыгъэр зэщIэхэр зэрытекIуар.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, Налшыкыр щыIэу «Локомотивми», абы и тренер нэхъыщхьэ Рахимовми («Амкарыр» щигъэсари хэту) ди щIалэхэр иджыри кьэс зэи текIуэфащкьым.

Кьыхэрыхэдгъэщащи, премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и гуащIэгъэуэ дыдэщ. Иджыпсту дэтхэнэ зы очкори куэдым я джежIэ дыщэм нэхърэ нэхъ лъапIэщ. Ар зыхихщIэу, чемпион щIэм япэ дыдэу лъэ быдзкIэ хуокIуэ Тэ эрстаным и командэр. Вэсэмахуэ абы **1:0-у** Кьэзан щыхигъэщIащ етIуанэ увыпIэм щыту кьыкIэлъеIэ Мэзкуу и **«Динамор»**. Иджы **«Рубиныр»** радгъэхэм очкоибгъуэкIэ ящхьэщыкIащ.

Турнир таблицэм и лъабжьэри зэхъуэкIыныгъэншэщ. Премьер-лигэм кьыхэжьнымкIэ бэнэныгъэ хьэлъэ езыгъэкIуэкI командищми аргуэру я очко бжыгъэм хагъэхъуэфакъым. БжыгъэщхуэкIэ кьыхагъэщIащ **«Химкимрэ» «Луч-Энергиемрэ»**. Мэзкуу областым щыщхэм «Крылья Советовыр» 3:0-у Самарэ кьащефIэкIащ, Владивостокдэсхэм ЦСКА-р 4:1-у я кьатекIуащ. И стадионым 1:2-уэ **«Амкарым»** кьащыкIыгъэщащ Ярославль и **«Шинникри»**.

Адрей командэхэр щэбэтмрэ тхъэмахуэмрэ ямыпхуэдэу зэдзэжьагъуэ: **«Москва»** (Мэзкуу) - **«Спартак»** (Мэзкуу) - **2:1**, **«Тэрч»** (Грозный) - **«Зенит»** (Санкт-Петербург) - **1:4**, **«Сатурн»** (Мэзкуу область) - **«Томь»** (Томск) - **2:0**.

ФокIадэм и 21-м кьыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр щыIэнущ. А махуэм ди щIалэхэр кьэралым и кьалащхьэм «Москвам» щыщIэнущ.

ЖЬЛАСЭ Заур.

Премьер-лигэм зэхъэзэхуэр зэрыщекIуэкIым и теплъэр

Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Рубин»	21	13	6	2	31-15	45
2. «Динамо»	21	10	6	5	27-21	36
3. «Амкар»	21	10	5	6	23-16	35
4. ЦСКА	21	9	8	4	31-16	35
5. «Спартак»	21	8	9	4	34-29	33
6. «Крылья Советов»	21	8	9	4	31-17	33
7. «Зенит»	20	8	7	5	36-25	31
8. «Локомотив»	20	7	7	6	24-21	28
9. «Москва»	21	6	8	7	22-23	26
10. «Спартак-Налшык»	21	7	4	10	19-23	25
11. «Тэрч»	21	7	4	10	19-31	25
12. «Сатурн»	20	6	6	8	19-21	24
13. «Томь»	21	6	4	11	17-30	22
14. «Луч-Энергия»	21	3	9	9	16-29	18
15. «Шинник»	20	3	6	11	20-31	15
16. «Химки»	21	2	8	11	22-43	14

Зэ1ущIэ нэужьым

РАХИМОВ Рашид, *«Локомотивым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Тхьэр ди телъхьэт

Мэзкуудэсхэм я тренерыр арэзыт зэрыпэхъ мащIэм щхьэкIэ къэмынэу и командэм зэ1ущIэм текIуэныгъэ кьыз1эрыщихьамкIэ.

- ЦIыхуЕПЩI фIэкIа умыхъуу зэ1ущIэ ебгъэкIуэкIыну икьукIэ хьэпъащ. Абы иджыри хэпIхъьэжьым хуейщ «Спартак-Налшыкыр» езыр зэрыкомандэ лъэщыр. Хэгъэрейхэм Iэмал зыбжанэ яIащ топ кьытхудагъэкIыну, арщхьэкIэ ди гъущхьэт ет Чех Марек и зэфIэкI лъагэхэм я фIыгъэкIэ ахэр кьайхъуIакьым.

Камболовыр зэ1ущIэм кьыхахуа нэужь, сэ щIалэхэм унафэ яхуэсщIащ контратакэкIэ джэгуну икIи ар ягъэзэщIащ.

Апхуэдэхэм ящыщ зым Торбинскэм хуэзэфIэкIащ текIуэныгъэ кьытхуэзыхьыжьа топыр нашыкьдэсхэм я гъуэм дигъэкIыну. Зэ1ущIэ етIуанэ хъуэу зы цIыкуКIэ дынэхъ мащIэу дыдэжгун хуей мэхъу. Нобэ Тхьэр ди телъхьэу щытауэ жьпIэ хьунущ.

КРАСНОЖАН Юрэ, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Гъуащхьауэ диIэкъым

Зэ1ущIэм текIуэныгъэ кьыщихьыну Iэмал псори зиIа командэм и тренер нэхъыщхьэр Iэнкунт.

- СЫТ жысIэн. Псалъэр куэдщ, ауэ жысIэнур кьыхухэхыркъым. Иужьрейуэ едгъэкIуэкIа зэ1ущIэ зыщщIплым диIакьым нобэ кьытхукъуэкIа IэмалыфIхэм хуэдэ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди ебгъэрыкIуэныгъэ хэр и кIэм нэзыгъэсыфыщ гъуащхьауэхэр диIэкъым.

- Зэ1ущIэм и япэ Iыхьэр зэрнухэм хуэдэу етIуанэм щхьэ щIыбемыгъэдзэжьыфар?

- Абы и жэуапыр ди дежкIи кьэгъуэтыгъуейщ. Абы псоми ди кьуэнщIагъэ хэтыщ. Щыумбгъум уи гъуэр яхъуэжу Торбинскэр зэрызыIэщIэбгъэкIыныр кьызгурыуэрхьэкъым.

- Гъэущокъуэ Арсен и япэ джэгугъуэр дауэ кьыпщыхъуа?

- Хъарзынэу. Ар джэгуплI гъубгъуэм кьихьа нэужь, дэ иджыри ебгъэрыкIуэныгъэ зыбжанэ кьызэдгъэпэщыфащ. ДяпэкIэ зэманэ нэхъыбэ естыщ абы, нэхъ тегушхуэн папщIэ. Си фIэщ мэхъу зэман дэкIмэ, абы и сэбэп командэм ящыз1эрыкIыну.

- ЩIалэхэм я гукъыдэжыр дауэ щыт?

- Нобэрей зэ1ущIэм и ужькIэ сщIэрыкъым, ауэ нобэр кьызджесэн хъарзынэу щытащ.

Зытхыжар
МЭЗКУУ Къанщобинщ.



Сурэтхэр **ЕЛЪКЪАН Артур** *трихащ.*

Къару мащIэкIэ зэ1ущIэр яхь

«Спартак-Налшыкымрэ» Москва и «Локомотивымрэ» и зэ1ущIэр ихуа нэужь, командхэм я ящыдэгугъэм захуэдгъаэзри, ар зэрекIуэкIам телгъэнсэтъыхьащ.

«Локомотивым» и гъуащхьэхъуэмкIыныгъэ Iэшышов Деннис: Карточкэ плъыжьымкIэ судьям нобэрей зэ1ущIэр зэкIгъэзэрыхьащ. ГуГъущ щIыхуипщI фIэкIа умыхъуу дакьиКIэ 80-80-кIэ зэхъэзэхуитI зэкIэтъыкIуэу ебгъэкIуэкIыну. Дауэ мыхъуми, ди кьарур зэкIэтпхъэрэ дызэрыстекIуэным дыхущIэкъуащ. Очкоищ щхьэкIэ Налшык дыкьиIуатI, ар зэрызыБэрыдгъэхьар си гуапэщ. Фи командэм Iэмал зыбжанэ яIащ ди гъуэр кьищтэну, ауэ кьыхуэгъэсэбэпакъым. Дэ зы закъуэ кьытхукъуэкIати, ар Торбинскэм дэгъуэу кьигъэсэбэщащ.

Си джэгукIэм тетхуауэ зыри сухуэзыIэнукъым. КьызэхъулIамэ, си гуапэщ, ауэ ар зэ1ущIэр тренер нэхъыщхьэращ. Пэжу, ижьрабгъу лъэныкъуэмкIэ сызэрыщыджэгуар тIэкIу кьызэхъэлъэкIащ. Сэ абыкIэ сыщагъакIуэр зэ1ущIэр.

«Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъуэмэ Филатов Валентин: Нобэрей зэ1ущIэр кьэтхъын хуейуэ щытащ, ауэ футболым зэрыщыхабзэщи, уэ топыр думыгъэкIмэ, езым кьыпхудахунущ. Iэмал зыбжанэ диIащ, кьыхтхуэгъэсэбэпакъым армыхъуэ. «Локомотивыр» псори зэхэту тIэу е щэ ди гъуэм кьеуауэ аращ, атIэм кьыхэжаныкIащ.

Дызэрыхуа щытыкIэ гугъуэм дыкьымыкIыу хуэмурыкIыну. Абы кьызэкIыуи «Москвам» тэмэму дыдэджгун хуейщ. Си жагъуэ мэхъу очко кьызыфIэ тхьыфыну командэхэр зэрызытедгъакIуэр. Еханэ-еIанэ увыпIэр иджыри зэдгъэхъуIэфынущ, зэ1ущIэ зыбжанэ хъарзынэу тхуегъэкIуэкIыну щытмэ.

Апхуэдэуи си жагъуэ мэхъу губгъуэм куэдрэ сыкьызэрырамыгъэжьэр. КьызгуроIуэ, языныкъуэхэм деж си узышIагъэр зэрымышIагъуэм и зэранкIэ тетIысхьэпIэм сыкьызэрыгранэр, ауэ зэ1ущIэм сыхуэхъэсыру си гугъу кьыщамыщIи кьохъу. Сэ абы арэзы сыкьинщIыркъым».

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Эдуард** *трихащ.*

Псалъэ быдэ ят

●Студент гъащIэ

Урысейм и МВД-м и Краснодар университетым Налшык щIэ къуадэм и юридическэ факультетым мы гъэм щIэтIысхьа-хэм я гуфIэгъуэ зэхьыбэ фокIадэм и 10-м екIуэкIащ.

АБЫ кьрихьэлIат КъБР-м и Конституцэ судым и Унафэщым и къуэдзэ, профессор, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор **Чэт Юрий,** КъБР-м и Президентым и чэнджэщгъэ **Думэн Хьэсэн**, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Зумакулов Борис**, КъБР-м и суд департаментым и унафэщI **Уэгъуэ Мухьэмэд** КъБР-м и Нотариальнэ палатэм и президент **Целоусов Анн,** нэгъуэщIхэри.

Япэу утыкум кьихьащ икIи гуфIэгъуэ Iуэхуэр пэублэ псалъэкIэ кьызэIуихащ филиалым и унафэщIым егъэджэныгъэ, щIэныгъэ лъэныкъъэхэмкIэ и къуэдзэ, полковник, юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат **Бер Джульеттэ.**

- ПщIэ зыхуэтщI ди ныбжьэгъуэхэ! Дэ, фи гуфIэгъуэм кьрихьэлIа нэхьыжьхэр, апхуэдэу фыз1эрыщIалэм, фыз1эрыдахэм, студент гъащIэ IэфI дыдэ кьызэрыфIэщылым щхьэкIэ дынывохьуапсэ икIи гурэ пэкIэ дынывохьуэху. Студент илъэсхэм нэхьрэ нэхъ дахэ гъащIэм хэт кьыщIэжIынкъым, ахэр уи гум нэхъ кьонэж, абы теуухуа гупсысэхэр кIуэ, пэтми кьэщIэрэщIэжу екIуэжIынущ. Кавказ Ищхъэрэ псом щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэм ящыщ зыщIыбзыщIэтIысхьари, фхуэфэщэн гъэсэныгъэрэ щIэныгъэрэ кьыщIэфхыну согугъэ. Ди щIыхуэхэм я хуитыныгъэхэм я хъумакIуэ пажэ фыхьыну сыфхуохьуахьуэ. Гъуэгу махуэ! - жиIащ Зумакулов Борис псалъэщратам.

АдэкIэ яп1эрыщIэтIысхьа ныбжьыщIэхэм я Iэщ1агъэм з1ыхуэпэжьнумкIэ псалъэ ятащ. Еджэн щ1ызэдзэхэм студент з1ыхьхъамкIэ щыхьэт тхьылъхэр ирагащ. Абыхэм я махуэ даIэтащ икIи яг1эщIэрщащ республикэм и артист нюбжьыщIэхэм, уэрэджьыкIуэхэм.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Диным къащегъэпсынщIэ

УФСИН-м и Iуэхущапlэхэм щащIыгъэхэм Iэмал псори кьыхуэзэрагъэпэщ дин хабзэхэр яг1эзэщIэн папщIэ.

Дгъэтыгъэсахэм ящыщу иджыпсту нэщI зыIыгъхэм я бжыгъэр щIыхуэ 300-м щIегъуэри, абы-хэм Iэмал яIащ, диным кьыз1эригъэувым хуэдэу, щэращ яшхынну, хэщхьэжыну, нэмэз ящIыну.

Тезыр зытелъхэм диным теуХуа тхьылъхэр щIаджыкI, дин хабзэхэр тэмэму яг1эзащIэ. Абы теухуауэ УФСИН-мрэ чыристан, мусылъмэн Iуэхущапlэхэмрэ зэгурыIуэныгъэ щхьэхуэ зэращIылIауэ ар дагъуэнщIэу я1эзащIэ.

Хъарзынэу мэлажьэ ИК-1-м щыIэ члисэмрэ мэжджытымрэ. Тхьэм щелъэIу унэхэр, пэш щхьэхуэхэр кьыщыз1эрагъэпэщащ ещанэ, еплIанэ колониехэми. Абыхэм зэман-зэманкIэ щохьэщIэ дин Iуэхущапlэхэм я лIыкIуэхэр, ефэндыкэр, псапащIэхэр.

Диныр зыIыгъхэм ящыщ куэд жылагъуэ Iуэхухэм жьджэру хэтщ, я щIэныгъэм хагъахьуэ, я хьэл-щэнхэр, IуэхуеплъыкIэхэр ирагъэфIакIуэ.

ЕМ3ЭГЪ Хьэрун.

Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ

УсакIуэмрэIуэрыIуэ Мандельштам Осип и фэеплъ Воронеж кьалэм кьыщыз1эуахащ. Ар щагъэувауи я хэкур прагъэбгыну нужь усакIуэр щыпсэуа унэхэм ящыщ зым и гупэм кьит жыг хадэм.

И щхьэр льагэу Iэтарэ и Iэр и бгъэм кIэрыкьуэуэу усакIуэр кьэзыгъэльагъуэ фэеплъыр и Iэдакъэщ1ыкIщ скульптор Гадаев Лазарь. Мандельштам Урысейм иджы етIуанэу фэеплъ щыхуагъэув: яп1эр Владивосток кьалэм, етIуанэу яг1этIысу 1938 гъэм щыIлаУэ щытам, дэтщ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ усакIуэм и творчествэм и фыпIэр Воронеж кьалэм кьыз1эрыщыунэхуар: араш 1934 гъэм кьыщыщIэдзауэ «Воронежские тетради» зыфIищащ зыфIищ1эр щитхар.

УсакIуэм и фэеплъ

Къэзыгъэльэгъуэн къахэкIакъым

«ТЭФИ»-2008» саугъэтыр зэратыр мы гъэм телевизорым и зы каналымкIи занщIэу къагъэльэгъунукъым. Урысей телевидениэм и академием зэрыжиIамкIэ, фокIадэм и 25-м трауХуа зэрыщIэтыр и гугъу зыщIынур Щэнхабзэмкlэ фондым и пресс-Iуэхущапlэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я репортажхэмрэщ.

ГЪЭ КЪЭС екIуэкI зэхьыхьэм щыт екIуэхэм саугъэтхэр зэрратыр канал зэхуэмыдзэхэмкIэ къагъэльагъуэу щытащ. Ауэ мыбы и рейтингыр нэхъ цIыкIуэ, махуэ кьэс къагъэльагъуэ сериалхэм ельытауэ. Араш 2008 гъэм екIуэкIыну зэхьыхьэр кьыгъэльэгъуэну зы канали арэзы щIытемыхьуар. Илъэс 14-м кьриубыдэу иджыщ зэ1ущIэр апхуэдэ щытыкIэ щIиувэр.

Удэ гъэгъам и фестиваль

Москва дэт Тхьэдэ музейм гъэлъэгъуэныгъэ дахэ кьыщызэIуахащ. Абы нау1э кьыпщещI «Дунейм и удэ гъэгъахэр» зыфIаща выставкэр уэ гъэгъам и мазхуэшхуэ зэрыхьуар.

ДАХАГЪЭМ и пщалъэу кьалытэ удэ гъэгъахэм я фестивалыр кьыз1эIуахащ модэ къэгъэльэгъуэнымкIэ. ИужькIэ зыр зым кIэлъыкIуэу утыкум кьрахащ моделькэм, дизайнерхэм я лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр.

Зэхуэзыхьэсар
ИСТЕПАН Залинэщ.

Премьер-лигэм зэхъэзэхуэр зэрыщекIуэкIым и теплъэр

Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Рубин»	21	13	6	2	31-15	45
2. «Динамо»	21	10	6	5	27-21	36
3. «Амкар»	21	10	5	6	23-16	35
4. ЦСКА	21	9	8	4	31-16	35
5. «Спартак»	21	8	9	4	34-29	33
6. «Крылья Советов»	21	8	9	4	31-17	33
7. «Зенит»	20	8	7	5	36-25	31
8. «Локомотив»	20	7	7	6	24-21	28
9. «Москва»	21	6	8	7	22-23	26
10. «Спартак-Налшык»	21	7	4	10	19-23	25
11. «Тэрч»	21	7	4	10	19-31	25
12. «Сатурн»	20	6	6	8	19-21	24
13. «Томь»	21	6	4	11	17-30	22
14. «Луч-Энергия»	21	3	9	9	16-29	18
15. «Шинник»	20	3	6	11	20-31	15
16. «Химки»	21	2	8	11	22-43	14

Щ1алэгъуалэ зэпеуэ

Фелипе къыхожаныкI

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Локомотив» (Мэскву) - 1:1 (0:0). ФокIадэм и 13-м. Нарткъалэ. «Химик» стадион. Щыхъу 800 еплъащ.

Судьяр Бозий (Налшык).

«Спартак-Налшык»: Радич, Балъкъэр, Джудович, Шэрий, Соблыр, Степанов (Ащхъуэт, 83), Бырхъэм (Къумыкъу, 46), Зрум, Шернас (Караущ, 46), Фелипе (Гъэущокъуэ, 88), Къэжар (Гъубж, 66).

«Локомотив»: Гомелькэ, Амирханов, Куликов, Татагов, Алчагиров, Деобалъ, Царикаев, Вавильченков, Павлов (Самохин, 90+1), Гоарян, Панковец (Яворский, 77).

Топхэр дагъэкIащ Фелипе, 47 (1:0). Деобалъ, 60 (1:1).

Дагъуэ хуащIащ Фелипе, Степановым, Караущ.

ПРЕМЬЕР-ЛИГЭМ хэт командэхэм я щIалэгъуалэ гупхэм я зэпеуэм ипкъ иткIэ щэбэт кIуам «Спартак-Налшыкым» кьриГъэблагъэщащ Мэзкуу и «Локомотивыр».

Зэ1ущIэр командитIми и зэхуаку зэныкъуэкъуншхуэ дэмылъу щIидзащ. Джэгум и нэхъыбэр щекIуэкIыр губгъуэм и курт. Дэтхэнэри ежьэрт и ехьэрхэрэгъур щыуэу, ар кьигъэсэбэпу ебгъэрыкIуэныгъэ кьызэригъэпэщыну. Апхуэдэ Iэмал япэу кьызыкьуэкIыр ди щIалэхэрщ, арщхьэкIэ щебгъэрыкIуэныгъэ хабзэр кьызэпызыуда Фелипе судьям дагъуэ кьыхуищIащ. Ятэ Iыхьэм командхэр ебгъэрыкIуэныгъэ зыбжанэкIэ зэхъуэжа фIэкIа, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущапlэхэм я ящIэжьнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; езыджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

● Гу зылъытапхъэ

«Нэчыхьымрэ унагъуэмрэ» фирмэм ильэс 15 льандэрэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр елэжь, ар 2003, 2007 гъэхэм республикэм и медицинэ Iуэхущапlэ нэхъыфIу кьалъытащ

ФИРМЭМ щывгъуэтынущ гинекологым, урологым, флебологым, проктологым я Iуэхутхьэбзэхэр. Апхуэдэу энцефалографие, ректоскопие, цистоскопие щащI.

Мыбы щоIэзэ геморройм, парапроктитым, кIэнтIий гъуэмым и нэгъуэщI узыфэхэм.

Жэщи махуи лажьэ стационар щыIэщ, зэрэзэу абы щIэльхэр ягъашхэ, зэрысымаджэмкIэ тхьылъхэр ират, лабораторэр диIэщ.

Ди адресыр: **Налшык къалэ, Пироговым и уэрам, 4. Телефонхэр: 720-944, 720-210**

№ГI80153-м щIэт лицензэ иIащ

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

●Щэрэдж куей

Зи щкол кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэр еджэныгъэм хэгъэгъуэзэныжкIэ Iуащхьэмахуэ куейм и центрым и Iущ1агъэлIэжм къэхутэныгъэ щхьэпэ щрагъэкIуэкIащ районым хиубыдэ жылагъуэхэм.

АР ТЕУХУАТ сабий зиIэ унагъуэхэр мы зэманым нэхъ зыгъэпIейтей Iуэхухэм. Кьэпщытэныгъэхэм кьарикIуахэмрэ адэ-анэхэм я лъэIуэхэмрэ кьалъытэри, куейм и пэщIэдзэ щколхэр, сабий садхэр зэрылажьэ щыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. А Iуэхущапlэхэм кьыщызэIуахьащ ягъэкIуэдкьажьу щыта сабий яспльэхэр, апхуэдэу щыкIуэхэр тхьэмахуэ махуэхэм е лэжьэгъуэ зэманыр зэрэIэкIа нэужь щапIыгъэну кьудамэхэр. Апхуэдэу зи узышIагъэм сэкъат иIэ сабийхэр зэкIуэпIэн центр щхьэхуэ кьызэIуахащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэр, КъБР-м и Журналистхэм я союзыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпаниемрэ, «Программэхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканал» къэрал Iуэхущапlэм я лэжьакIуэхэр, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь» газетхэм я редакцIэхэр Урысейм и Журналистхэм я союзым хэт **Боттаев Мухьтар Абдул-Хьэлым и къуэм** хуогузаво абы и шыпхъу **Зое Абдул-Хьэлым и пхьур** игъуэ нэмысу зэрыпIам ... **Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаев Маритэ, Льостэн Мурэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокуэу Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымк и щIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ щыщ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущапlэхэм я ящIэжьнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; езыджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэз тхыгъэхэм кьыщыкъа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм юсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щытыкIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэдамыгъэ и пщ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №11-0065-м щIидзэ-кIуащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м щIэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и щIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымк и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елъытыхьэ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэу Пхытlыкl Юрэ *(1,2-нэ нап.)*, Табыш Динарэ *(3,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ:* ГъукIэлI Рае, Щомахуэ Марианэ, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн кьуэдзэ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.010● Заказ №3071